

KORE TIFI

FAZ 2 – KONSYANTIZE




REPANSE POUWVA

An nou balanse pouvwa ant fi ak gason



BEYOND BORDERS





Men sa ki genyen nan Faz 2 (Konsyantize)

Resous pou manm Ekip

Faz 2 (Konsyantize): Pazapa	Paj 4
Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo Faz 2 (Konsyantize)	Paj 13
Gid Aktivite pou Klèb Tifi Faz 2 (Konsyantize)	Paj 41


Materyèl mobilizasyon kominotè

Afich Faz 2 (Konsyantize)	Paj 56
Ti Komik	Paj 59
<i>Ti Komik Jesika No. 1</i>	Paj 61
<i>Ti Komik Natali No. 1</i>	Paj 63
Ti Koze sou Lasante Faz 2 (Konsyantize)	Paj 67
Lide pou Atik oswa Repòtaj	Paj 74
Teyat Faz 2 Konsyantize	Paj 80
Ti Pale ak Paran	Paj 87

Kourikoulòm pou elèv

Entwodiksyon Kourikoulòm	
Syans Sosyal 7yèm a 9yèm Ane Fondamantal	
Biyoloji 7yèm a 9yèm Ane Fondamantal	
Compréhension de texte français 7ème à 9ème Année Fondamentale	

FAZ 2 (KONSYANTIZE): PAZAPA




Tan Faz sa a ap dire: 10 mwa (*pou Kore Tifi sèlman*)
12 mwa omwens (*pou Kore Tifi ansanm ak SASA!*)

Nan Faz 1 Kore Tifi (Kòmanse), nou te mete sou pye yon Ekip ak yon Rezo Kore Tifi solid. E nou te prepare tout moun sa yo pou yo kòmanse travay nan kominote a. Nan Faz 2 (Konsyantize), Ekip la ak Rezo a ap kòmanse fasilite chanjman fèt onivo tout kominote a.

Dokiman sa a ak kèk seksyon nan: "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon" (Liv Entwodiksyon paj 35) genyen direktiv pou manm Ekip la kapab bay sipò nan fason estratejik pou Faz 2.

An plis de sa, Faz 2 genyen ladan li bon kou materyèl pou mobilizasyon kominotè. Nou dwe toudabò sèvi ak materyèl sa yo avèk manm Ekip la plis manm Rezo a ki ap kontinye fè chanjman nan konesans ak kwayans yo. Apre, manm Ekip la pral ede manm Rezo a aprann sèvi ak materyèl yo avèk lòt moun nan kominote a. Se konsa pwosesis chanjman an ap pran teren.



Objektif

Objektif faz sa a se:

- 1) Kreye kondisyon pou ankouraje refleksyon pèsonèl plis panse kritik kay manm Ekip la, Rezo a, kominate a sou pouvwa ak vyalans sou tifi. (Asire nou, apati rezo a, nou angaje tout sèk enfliyans yo).
- 2) Ranfòse kapasite Ekip la ak manm Rezo a pou yo:
 - ✓ Fè yon plan pou Faz 2 ki angaje tout sèk enfliyans yo.
 - ✓ Reyalize tout **aktivite** ki nan Faz 2 (Konsyantize); yo nan *Lis Aktivite Faz 2* (pi ba a).
 - ✓ Fasilite yon pwosesis mobilizasyon kominotè ki kondui manm kominate a nan chanjman onivo konesans ak kwayans.



Rezulta



Pou atenn objektif sa yo, nou pral enspire kominote a pou moun nan kominote a fè kèk chanjman espesifik nan konesans ak kwayans yo. Lè nou reyalize rezulta pi ba yo, n ap konnen nou atenn objektif Faz 2 yo e nou pare pou nou pase nan Faz 3.

Remak: Si nou ap sèvi ak metodoloji Kore Tifi ansanm ak *SASA!* nan kominote a, gade "Rezime Jeneral Faz Konsyantize" *SASA!* pou nou jwenn yon lis rezulta ki mache ak *SASA!* Epi, asire nou reyalize rezulta toude metodoloji yo.

Rezulta 1: Manm kominote a **konnen** bagay sa yo:

- ✖ Kijan pou dekri metodoloji Kore Tifi a.
- ✖ Kisa "pouvwa" vle di.
- ✖ Tout diferan tip vyolans sou tifi ak fanm plis konsekans yo sou tifi ak fanm; avantaj ki genyen nan relasyon san vyolans.
- ✖ Se dezekilib pouvwa ki kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm.
- ✖ Timoun ki te sibi vyolans oubyen ki te temwen zak vyolans lakay yo oswa nan kominote yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo sibi oubyen sèvi ak vyolans.
- ✖ Mank pouvwa tifi ak fanm ogmante danje pou yo trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay.
- ✖ Kijan sistèm swivi Kore Tifi a fonksyone e kijan pou yo sèvi ak zouti liy de baz yo.

Rezulta 2: Manm kominote a **kwè** bagay sa yo:

- ✖ Tout moun kabap sèvi ak pouvwa yo yon fason pozitif e pote chanjman pozitif nan lavi yo.
- ✖ Tifi ak ti gason dwe jwenn bon jan edikasyon sou kò yo, sou koze fè bagay e sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont gwosès ak VIH/SIDA.
- ✖ Tifi ak ti gason dwe genyen menm pouvwa.

- ✖ Tifi ak ti gason dwe genyen menm mezi libète.
- ✖ Tout kominote a benefisyé lè granmoun koute eksperyans ak lide tifi.
- ✖ Yo bezwen tandem tifi yo plis nan fanmi yo ak nan kominote a.
- ✖ Yo pa dwe blame tifi pou vyolans yo sibi.
- ✖ Moun nan kominote a genyen reskonsabilite pou yo pale aklè kont vyolans sou tifi ak fanm.
- ✖ Edikasyon tifi genyen menm enpòtans ak edikasyon ti gason.
- ✖ Fanm ak gason nan kay ta dwe pataje tach yo yonfason ki ekitab.

Lis aktivite

Lis pi ba a genyen tout aktivite prensipal nou dwe fè nan Faz 2 (Konsyantize).

Faz 2 (Konsyantize) - Lis aktivite


✓	AKTIVITE	RESOUS
	<ol style="list-style-type: none"> 1. Byen gade tout materyèl Faz 2 (Konsyantize) yo. Tradui, adapte ak enprime materyèl mobilizasyon kominotè nou swete itilize yo. 	Faz 2 (Konsyantize): <ul style="list-style-type: none"> * Afich Pouwwa (paj 56) * Ti Komik Jesika No. 1 (paj 61) * Ti Komik Natali No. 1 (paj 63) * Ti Koze sou Lasante (paj 67) * Lide pou Atik oswa Repòtaj (paj 74) * Teyat (paj 80) * Ti Pale (paj 87)
	<ol style="list-style-type: none"> 2. Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans lan ajou. 	Monte yon Rezo pou Chanjman (Faz 1 paj 17), Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo (Faz 2 paj 56).
	<ol style="list-style-type: none"> 3. Fè yon plan enplémentasyon ak ankadreman pou aktivite chak gwoup ki nan Rezo Kore Tifi. 	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)

✓	AKTIVITE	RESOUS
	4. Fè fòmasyon pou manm Ekip la ak seyans repetisyon sou fason pou yo sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)
	5. Entwodui zouti suivi yo epi ede manm Ekip la metrise zouti sa yo pou yo suiv ak note pwogrè ki fèt sou rezulta ki vize yo.	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 38)
	6. Fè fòmasyon Faz 2 pou Aktivis Kominotè, manm Gwoup Aksyon Kominotè, pwen fokal nan lekòl, ak menntò klèb tifi.	Monte yon Rezo pou Chanjman (Faz 1 paj 13) ak Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)
	7. Fè fòmasyon pou pwofesê ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)
	8. Fè rankont avèk Aktivis Kominotè, manm Gwoup Aksyon Kominotè, pwen fokal ak menntò omwen yon fwa pa mwa.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)
	9. Monte yon sistèm e fè yon kalandriye pou nou kore aktivite Aktivis kominotè, pwen fokal nan lekòl, klèb tifi ak manm Gwoup Aksyon Kominotè.	Gid pou Kapasite Ekip ak Rezo, Faz 2 (paj 13)
	10. Mete Fichye Bezwen ak Resous pou Tifi yo ajou avèk klèb tifi yo.	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 45)
	11. Fè suivi avèk direksyon lekòl plis pwen fokal nan lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou, e si gen bezwen, pou nouvo manm pèsonèl lekòl siyen kòd konduit la.	Chwa ak Preparasyon Lekòl (Faz 1 paj 56-57)
	12. (Lè nou panse nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 2 a. <i>* Si nou ap fè enplémentasyon ak SASA/ plis Kore Tifi, mete kesyon ki soti nan toude metodoloji yo.</i>	Kijan Kore Tifi ap Mache: Swivi ak Evalyasyon (Liv Entwodiksyon paj 38)* <i>*Si nou ap sèvi ak SASA/, gade Rezime Jeneral SASA/ Faz Konsyantizasyon</i>

Organizasyon ki ap sèvi ak metodoloji SASA¹ tou, sonje genyen lòt aktivite ki nan Faz Konsyantize SASA¹ ki pa nan Kore Tifi. Nou ap jwenn yo nan *Medya ak Pledwaye*; egzanp *Fè yo wè w* pa nan dokiman Kore Tifi. Asire nou li tout Faz Konsyantize SASA¹ a (li nan yon klasè ki genyen dimansyon katab). Li genyen zouti ak metòd ladan li ki ap itil nou anpil. Pa egzanp, ti liv pou fòmasyon Faz Konsyantize a pral itil nou anpil nan fè fòmasyon pou manm Ekip ak Rezo Kore Tifi.

Ki lè pou nou pase nan Faz 3

Lè nou panse n ap tande e n ap gade kominate a ap fè demonstrasyon nan fason nòmal, natirèl rezulta ki site pi wo yo, nou ap fè yon evalyasyon pou nou konnen si li lè pou nou pase nan Faz 3. Gade "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak Evalyasyon" pou nou jwenn kesyonè a (Liv Entwodiksyon paj 59) ak kesyon pou fokis gwoup (Liv Entwodiksyon paj 70) pou sèvi nan moman sa a. Si repons yo demontre genyen bon jan pwogrè ki fèt sou rezulta yo, nou kapab pase nan Faz 3. Osinon, nou kapab mete plis tan sou Faz 2 a, oryante travay nou yon fason ki pi espesifik pou nou konble twou vid nou wè yo, epi tann nou pare pou Faz 3.



Egzanz kalandriye — Kore Tifi (10 mwa)

Aktivite	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6	MWA 7	MWA 8	MWA 9	MWA 10
Byen gade tout materyèl Faz 2 (Konsyantize) yo. Tradui, adapte ak enprime materyèl mobilizasyon kominotè nou swete itilize yo.	█									
Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans lan ajou.	█									
Fè yon plan emplémentasyon ak sipò pou aktivité chak gwoup ki nan Rezo Kore Tifi.	█									
Fè fòmasyon pou manm Ekip la ak seyans repetisyon sou fason pou yo sèvi ak materyèl mobilizasyon kominotè.	█									
Entwodui zouti suivi yo epi ede manm Ekip la metrice zouti sa yo pou yo suiv ak note pwogrè ki fèt sou rezulta ki vize yo.		█								
Fè fòmasyon Faz 2 pou Aktivis Kominotè, pwen fokal nan lekòl, ak menntò klèb tifi.	█	█								
Fè fòmasyon Faz 2 pou manm Gwoup Aksyon Kominotè			█		█				█	
Fè fòmasyon pou manm pèsonèl lekòl ki pral sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi.			█		█					
Fè rankont avèk Aktivis Kominotè, manm Gwoup Aksyon Kominotè, pwen fokal ak menntò omwen yon fwa pa mwa.										

Aktivite	MWA 1	MWA 2	MWA 3	MWA 4	MWA 5	MWA 6	MWA 7	MWA 8	MWA 9	MWA 10
Monte yon sistèm e fè yon kalandriye pou nou kore aktivite Aktivis kominotè, pwen fokal nan lekòl, klèb tifi ak manm Gwoup Aksyon Kominotè.										
Mete klasifikasyon resous kominotè ak lis referans la ajou avèk klèb tifi yo.										
Fè suivi avèk direksyon lekòl plis pwen fokal nan lekòl yo pou mete sistèm referans la ajou, e si gen bezwen, pou novo manm pèsonèl lekòl siyen kòd konduit la.										
(Lè nou panse nou pare) Prepare nou pou nou fè evalyasyon Faz 2 a.										

Organizasyon ki ap sèvi ak metodoloji SASA/ tou pral pwobableman bezwen omwen 12 mwa pou Faz Konsantize. Asire nou planifie ak reyalize aktivite Medya ak Pledwaye yo!



**GID POU KAPASITE
EKIP AK REZO
FAZ 2
(KONSYANTIZE)**

Nan Faz 1, objektif nou te vize ak fòmasyon plis ankadreman se te chanjman nan konesans ak kwayans manm Ekip ak Rezo Kore Tifi. Nan Faz 2, objektif nou se prepare manm Ekip la ak Rezo a pou yo fasilité chanjman fèt nan konesans ak kwayans tifi ak rès kominote a.

Dokiman sa a genyen lide ak konsèy sou fòmasyon ak ankadreman pou Faz 2. Li divize an seksyon pou gwoup sa yo:

- ✖ Manm Ekip Kore Tifi (paj 17)
- ✖ Aktivis Kominotè (AK) ak manm Gwoup Aksyon Kominotè (GAK) (paj 20)
- ✖ Menntò klèb tifi (paj 28)
- ✖ Pwofesè (paj 36)
- ✖ Pwen fokal nan lekòl (paj 39)

Li rekòmande pou manm Ekip la li tout dokiman sa a anvan yo kòmanse aktivite pou Faz 2. Lè yo ap angaje gwoup yo, manm Ekip la dwe refere yo ak seksyon patikilye ki pou chak gwoup. Li enpòtan tou pou manm Ekip la li "Faz 2 Pazapa" (paj 4) epi pou yo alèz ak tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 2 anvan yo kòmanse fè fòmasyon.

Rezulta

Fòmasyon ak ankadreman nan Faz 2 fèt pou mennen nan rezulta Faz 2 yo (gade "Faz 2 Pazapa", paj 4). Chak gwoup jwe wòl diferan pou chanjman fèt nan kominote a; sa fè chak gwoup bezwen fòmasyon ak ankadreman ki yon ti jan diferan tou. Pa konsekan, genyen objektif aprantisaj pou chak gwoup ki prezante nan seksyon pi ba yo.

Koutje sou Fòmasyon

Nan Faz 2, manm Ekip ak Rezo kontinye ap fè refleksyon pèsonèl sou pwòp tèt yo pandan yo kòmanse pataje ak manm kominote a kontni esansyèl Kore Tifi. Yo mete atansyon sou apwofondisman konesans pa yo ak konesans lòt moun e yo ap kontinye chanje kwayans yo sou pouvwa, vyolans, pouvwa tifi, ak pwoblèm sante tankou VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay. Yo jis genyen yon etap an avan nan pwosesis chanjman kominote a; yo ap mennen pwosesis la pandan yo menm tou ap avanse. Pafwa yo mennen pwosesis la ak egzanp pa yo

pandan yo ap admèt se sou wout yo ye tou; yo poko genyen repons pou tout kesyon. Sonje, chanjman reyèl se yon pwosesis otantik ki soti anndan chak manm Ekip ak Rezo.

Sonje! Itilizasyon kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl avèk manm Ekip, manm Rezo

Kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl kapab yon resous itil pou fòmasyon manm Ekip ak Rezo. Lè se pa nan lekòl nou ap sèvi ak kourikoulòm nan, sote seksyon ki sijere fason pou ou antre ak soti nan liv lekòl yo epi kòmanse sesyon yo nan seksyon "Egzèsis". Chanje mo ki pa koresponn ak manm gwoup yo pandan nou ap anime sesyon yo. Pa egzanp rele manm gwoup yo patisipan olye elèv. Avèk ti ajisteman minè konsa, materyèl rich sa a kapab pafètman apwopriye pou manm Ekip ak Rezo!

Koutje sou Ankadreman

Apwofondi relasyon yo nan ankadreman

Nan Kore Tifi, devlopman relasyon patenarya nan ankadreman baze sou sipò pou manm Ekip ak Rezo yon fason ki fè yo vanse e ki byen òganize. Sa ap pèmèt manm Ekip ak Rezo yo travay sou pwòp pwosesis chanjman yo epi devlope kapasite ki nesesè pou patisipe nan ranfòse pouvwa tifi. Faz 1 plis chita sou tabli relasyon patenarya yo. Faz 2 pral chita plis sou apwofondisman relasyon yo pou pèmèt moun grandi nan nivò pèsonèl ak pwofesyonèl nan domèn pouvwa tifi.

Nan kòmansman Faz 1, Ekip la pral fè yon lòt evalyasyon pou konnen kiyès ki pi bezwen ankadreman. Nou kapab bezwen fè kèk chanjman nan patenarya ki te fèt ant ankadrè ak moun ki ap jwenn ankadreman. Oubyen nou kapab ajoute lòt relasyon patenarya. Si gen moun ki te avanse anpil nan Faz 1 e yo pa bezwen yon gwo nivo ankadreman nan Faz 2, nou kapab toujou ba yo yon sèten sipò, men moun sa yo p ap bezwen nan lis moun ki pou resevwa ankadreman entansif. Ekri lis revize moun ki ap jwenn ankadreman pou Faz 2. Sonje chak manm Ekip kapab ankadre plizyè moun--se toujou 25 a 30 moun pou pi plis, epi mwens nan zòn riral ak zòn moun pa kapab sikile pou rankonte lòt moun rapid. Asire nou chak ankadrè konnen kiyès li pral bay sipò, epi konprann tout ti chanjman ki dwe genyen nan wòli li selon moun oubyen gwoup li ap ankadre a.

Dokimante pwogrè yo

Li enpòtan pou travay ankadreman rete estriktire, menm si li enfòmèl. Li enpòtan tou pou ankadrè yo dokimante pwogrè ki fèt ak defi yo rankontre nan reyalizasyon rezulta ki te fikse yo ak objektif aprantisaj yo. Lè manm Ekip bay youn lòt sipò oubyen yo sipòte manm Rezo ki ap fè aktivite, yo kapab ranpli Fòm pou Rapò Aktivite ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache?: Swivi ak evalyasyon" (Liv Entwodiksyon, paj 46). Fòmilè sa a ede ankadrè bay fidbak espesifik epi swiv pwogrè ki fèt. Li enpòtan tou pou genyen chita-pale espesyal chak twa (3) mwa pou reevalye bezwen ak estrateji pou ankadreman. Sa kapab fèt pandan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon (gade "Kijan Kore Tifi ap mache?: Swivi ak evalyasyon," Liv Entwodiksyon, paj 56). Si nou vle tou, Ekip la kapab fè lòt zouti senp ki pou ranpli apre chak sesyon ankadreman. Yo kapab tankou fòmilè evalyasyon ak/oubyen nòt sou pwogrè. Egzamine yo tou nan Rankont Ekip sou Swivi ak Evalyasyon.

Pandan nou ap vanse nan Faz 2, kèk manm Rezo ki genyen bon eksperyans kapab tounen ankadrè. Yo kapab ap mete an pratik kapasite lidèchip yo nan pwosesis chanjman an. Pran sa an konsiderasyon nan echanj ak diskisyon manm Ekip la sou zafè ankadreman. Epi fè estrateji sou fason pou nou bay manm Rezo sipò pou yo menm yo kapab ankadre lòt manm Rezo nan travay aktivis yo.

Travay pou chanjman

Kwayans pa chanje yon sèl kou e nòmalman li chanje pi dousman pase konesans. Manm Ekip ak Rezo pral toujou bezwen sipò nan repanse pwòp kwayans pa yo pandan Faz 2. Ankadreman se yon mwayen ideyal pou ede manm Ekip ak Rezo fè sa. Faz 2 se yon opòtinite tou pou manm Ekip ak Rezo pataje nouvo konesans ak kwayans ak lòt moun nan kominate a. Nan swiv aktivite manm Ekip ak Rezo ap mennen nan kominate a, ankadrè yo kapab aprann anpil bagay sou sa manm Ekip ak Rezo yo bezwen pou ranfòse kapasite yo.

Nan chak seksyon pi ba yo, nou pral jwenn egzanp opòtinite pou ankadreman ki vize gwoup ki konsène nan seksyon an. Sèvi avèk yo pandan nou ap kontinye chèche lòt opòtinite pou nou bay moun nou ap ankadre sipò! Sonje amize nou!

Manm Ekip

Nan Faz 2, pandan van chanjman kòmanse gaye, se manm Ekip la ki genyen konpetans pou ede gide lòt moun nan pwosesis chanjman sa. Yo genyen yon kapasite inik pou pèmèt manm Rezo a grandi nan domèn pouvwa tifi epi fasilité kominote a mennen yon pwosesis chanjman.

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 2:

Asire Ekip la genyen konpetans pou li fè rezulta Faz 2 yo ateri nan Rezo a, e li kapab:

- ✖ Kreye yon plan pou Faz 2 ki angaje tout sèk enfliyans yo.
- ✖ Esplike kontni esansyèl Kore Tifi pou gwoup moun ki diferan (sa genyen pouvwa, vyalans sou tifi ak fanm, VIH/SIDA ak lòt virus moun trape nan fè bagay, empòtans travay ak tifi, ak kijan Kore Tifi mache/ eleman kle yo).
- ✖ Esplike ak demonstre bon pratik mobilizasyon kominotè (egzanp: poze kesyon, angaje fi ak gason, jwenn okazyon pou fè travay aktivis chak jou).
- ✖ Bay bon jan referans pou tifi ak fanm ki sibi vyalans, trape VIH/SIDA oubyen lòt maladi moun pran nan fè bagay, vin ansent sanzatann oubyen ki an risk pou yo fè fas ak youn nan pwoblèm sa yo.
- ✖ Itilize tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 2 yo pou fasilité bon jan kalte echanj ak brase lide.
- ✖ Bay aktivite Rezo a ap fè jarèt.
- ✖ Itilize fòmilè swivi pou dokimante pwogrè ak bay bon jan fidbak.
- ✖ Reyalize fòmasyon Faz 2 yo ak rankont Rezo.
- ✖ Reyalize evalyasyon Faz 2 epi konpare done yo avèk done liy de baz.
- ✖ Bay manm Rezo a ankadreman pou yo jwe wòl yo nan pwosesis chanjman ki pi laj la.

Jan sa di nan rezulta Faz 1 ak Faz 2, li empòtan pou manm Ekip la kontinye travay sou pwòp konesans ak kwayans yo.

FÒMASYON MANM EKIP

Li enpòtan pou tout manm Ekip la patisce nan yon fòmasyon ki dire plizyè jou anvan aktivite Faz 2 kòmanse. Sa dwe ede manm Ekip la genyen yon bon lide sou kontni Faz 2 a, epi konnen wòl yo nan pwosesis chanjman an. Manm Ekip ki genyen bon jan eksperyans, moun ki fè planifikasyon aktivite Kore Tifi, oubyen lòt moun ki gen eksperyans nan anpeche vyolans fèt sou tifi ak teknik mobilizasyon kominotè kapab mennen fòmasyon sa a. Apre fòmasyon Faz 2 a, nou kapab fè lòt sesyon fòmasyon pou rann manm Ekip la pi efikas pou yo reyalize rezulta Faz sa a. Souvan li nesesè tou pou manm Ekip la fè pratik regilye pou yo aprann materyèl mobilizasyon kominotè Faz 2 yo. Sesyon sa yo kapab pi kout e yo ap fèt nan orè regilye travay la.

Pou lòt sipò teknik nan zafè fòmasyòn pou manm Ekip Kore Tifi, silvouplè kontakte Pwogram Repanse Pouvvwa sou annanpechevyolans@gmail.com, oubyen veye opòtinite pou fòmasyon sou repansepouvwa.org

Jan sa prezante nan ajennda pi ba a, kontni fòmasyon an genyen divès kalte sesyon ki fèt pou ede manm Ekip reflechi sou pwòp tèt yo epi bay pwosesis chanjman kominotè a direksyon. An plis kontni esansyèl Kore Tifi, fòmasyon an genyen anpil sesyon pou ranfòsman kapasite nan zafè swivi ak evalyasyon, teknik pou fè fasilitasyon, ak pwosesis mobilizasyon kominotè.

Pou Òganizasyon k ap sèvi ak Kore Tifi ansanm ak *SASA!*, konnen genyen sesyon fòmasyon ki menm pou toude metodoloji yo. Nou kapab jwenn anpil nan sesyon fòmasyon yo nan Modil Fòmasyon Faz Konsyantize *SASA!* "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org

ANKADREMAN MANM EKIP

Rive kounye a, manm Ekip kòmanse devlope relasyon konfyans nan patenarya pou ankadreman Faz 1, e relasyon yo pwodiktif. Nan Faz 2, manm Ekip travay pou apwofondi relasyon sa yo epi bay sipò espesifik ki pral pèmèt moun ki jwenn sipò grandi nan wòl yo.

Kèk opòtinite pou ankadreman nan Faz 2:

- ✖ Prezan lè manm Ekip ap fè aktivite kominotè, ap travay ak manm Rezo. Bay jarèt ak fidbak konstriktif, pran nòt sou konesans ak kwayans manm Ekip demontre, detèmine lòt kalte ranfòsman kapasite manm Ekip bezwen elatriye.
- ✖ Manje nan mitan jounen ansanm epi pwofite moman sa yo pou nou fè deba ki fran.
- ✖ Mache ale tounen nan biwo ansanm, oubyen jwenn lòt moun nan moman lib pou nou pale ak diskite sou pwoblèm yo.
- ✖ Pataje atik oubyen lòt tèks nou li epi ansanm, fè refleksyon ak echanj sou yo.
- ✖ Fè rankont apre evenman enpòtan yo pou nou tire leson ak reflechi sou yo.
- ✖ Vizite manm Ekip lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki pèsonèl.

Aktivis Kominotè (AK) ak Gwooup Aksyon Kominotè (GAK)

AK ak manm GAK mennen tout kominote a nan chanjman lè yo devlope yon kapasite pou yo fè bon jan refleksyon sou pwòp tèt yo, e yo genyen bon teknik pou fè fasilitasyon. Yo konplete travay lòt manm Rezo a e yo pote Kore Tifi nan tout espas, tout rakwen nan kominote a!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 2:

Asire AK ak manm GAK yo genyen konpetans pou fè rezulta Faz 2 yo ateri nan tout kominote a, e yo kapab:

- ✖ Esplike kontni esansyèl Kore Tifi nan kominote a (pouvwa, vyalans sou tifi ak fanm, VIH/SIDA ak lòt viris moun pran nan fè bagay, enpòtans travay ak tifi, ak kijan Kore Tifi mache/eleman kle yo).
- ✖ Bay bon jan referans pou tifi ak fanm ki sibi vyalans, trape VIH/SIDA oubyen lòt maladi moun pran nan fè bagay, vin ansent sanzatann oubyen ki an risk pou yo fè fas ak youn nan pwoblèm sa yo.
- ✖ Itilize tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 2 yo pou facilite bon jan kalte echanj ak brase lide.
- ✖ Esplike ak demontre bon pratik mobilizasyon kominotè (egzanp: poze kesyon, angaje fanm ak gason, jwenn okazyon pou fè travay aktivis chak jou).
- ✖ Bay manm kominote a ak lòt moun ki patisipe regilyèman nan aktivite yo sipò, lè moun sa yo nan pwosesis pa yo pou fè chanjman.

FÒMASYON AK AK MANM GAK

AK

Li enpòtan, nan kòmansman Faz 2, pou manm Ekip fasilite yon fòmasyon twa (3) jou pou tout AK yo. Ideyalman li ta bon si fòmasyon an fèt pandan twa (3) afile. Asire fòmasyon an fèt nan peryòd ki pi bon pou AK yo e ki pèmèt plis patisipasyon posib. Si bidjè ak reyalite a pèmèt sa, li rekòmande pou fòmasyon an fèt kote patispan yo dòmi-leve. Sa pral ede devlope relasyon sosyal ak tise lyen nan mitan AK; e sa enpòtan anpil pou pwosesis chanjman an.

Fòmasyon AK nan Faz 2 vize kontinye ogmante konesans, chanje kwayans, ak ranfòse konpetans AK yo pou yo kòmanse aktivite mobilizasyon kominotè nan pwòp kominote pa yo. Sesyon fòmasyon yo pral ede yo egzamine pi fon toujou kontni esansyèl Kore Tifi epi, aprann teknik pou yo ede lòt moun panse sou pwoblèm pouvwa, vyolans sou tifi ak fanm, VIH/SIDA ak lòt virus pou pran nan fè bagay, plis enpòtans travay ak tifi. Sonje, AK yo genyen opòtinite pou yo pase plis tan sou sijè sa yo pase pi fò lòt gwoup yo, pou yo fouye fon ladan yo jiskaske yo tounen motè reyèl pwosesis chanjman laj la nan kominote yo.

GAK

Li pa nesesè pou nou fè fòmasyon entansif nan espas kote manm GAK ap dòmi-leve. Nou kapab chwazi repati kontni ki pou 3 jou fòmasyon AK yo sou yon mwa, selon kalandriye manm GAK yo. Nou kapab mete sesyon fòmasyon yo anndan aktivite ki te deja egziste pou pèmèt plis patisipasyon posib. Kòm se pa anpil tan ki te pase apre fòmasyon Faz 1 an, asire nou fòmasyon sa a prezante tankou yon opòtinite olye yon fado pou manm GAK yo.

Nou kapab sèvi ak kontni fòmasyon AK yo pou nou fè fòmasyon pou manm GAK yo. Men nou dwe baze sou bezwen ak enterè chak gwoup. Pa egzanp, journalis kapab bezwen kontni ki yon jan differan ak kontni pa pèsonèl lasante; yo bezwen kontni espesifik pou wòl yo. Menm jan lidè reliye kapab bezwen kontni ki yon jan differan ak pa fanm ki soti nan òganizasyon dwa fanm. Pou chak GAK, fè omwen yon sesyon pou brase lide sou fason kontni esansyèl Kore Tifi aplike avèk yo nan wòl espesifik yo genyen kòm manm GAK.

Genyen yon modèl ajennda pou fòmasyon AK ak manm GAK pi ba a. Li òganize pou AK, men li bezwen adapte pou manm GAK.

MODÈL AJENNDA FÒMASYON: AK AK GAK (FAZ 2)

1ye jou: Pataj eksperyans ak konesans

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	Byenvini! <i>Anbyans ak entwodiksyon, objektif, atant, 5 minit similasyon kote AK ak manm GAK ap bay manm kominote a ak divès kalte gwoup esplikasyon sou Kore Tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	Pataj eksperyans ak defi nan travay aktivis <i>Patisipan yo pataje eksperyans yo ak defi yo rankontre depi yo kòmanse pou rive kounye a</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:45 – 11:00	Poz	
11:00 – 11:45	Preparasyon: Patisipan yo ap anseye sa yo te aprann sou kontni esansyèl <i>Patisipan divize an twa (3) gwoup e chak gwoup vini ak yon fason kreyatif pou yo anseye moun sou youn nan sijè esansyèl yo (pouvwa; vyolans sou tifi ak fanm; VIH/ SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay) nan 10 minit sèlman!</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
11:45 – 1:00	Prezantasyon: Patisipan yo anseye sa yo te aprann sou kontni esansyèl (avèk fidbak) <i>Chak gwoup prezante, nan 10 minit pou pi plis, fason kreyatif pa yo pou anseye moun sou sijè pa yo.</i> <i>Nan fen sesyon an, patisipan yo genyen opòtinite pou yo bay fasilitatè a fidbak</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Bay ak Resevwa Fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org
1:00 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:30	Di moun sa yo dwe fè, ba yo enfòmasyon oswa poze yo kesyon? <i>Patisipan yo analize twa (3) metòd pou fè konsyantizasyon, apre sa yo itilize teknik poze kesyon</i>	Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA/ "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
3:30 - 3:45	Poz	
3:45 - 4:15	Kesyon ak repons <i>Opòtinite pou patisipan yo diskite sou pwoblèm ki te soulve epi poze lòt kesyon</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

2yèm jou: Apwofondi refleksyon sou pouvwa ak vyalans

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 10:00	Kisa sosyete a ap atann? <i>Patisipan yo fè deba ak diskisyon pou konnen si kèk nan atant sosyete a genyen se espesyalman pou fi oubyen espesyalman pou gason</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2, paj 7 Oubyen vèsyon ki pi long: Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA/ "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org
10:00 - 11:15	SASA/ Eksperyans nou ak pouvwa <i>Patisipan yo fè yon travay ki ede yo konprann inpòtans pouvwa ki balanse</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2, paj 34
11:15 - 11:30	Poz	
11:30 - 12:15	Entwodiksyon sou dwa moun <i>Patisipan yo aprann kèk bagay sou Deklarasyon invèsel dwa moun</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane, Faz 2, paj 11
12:15 - 1:00	(Si tan pèmèt sa) Dwa moun ak reyalite fi <i>Patisipan yo konpare dwa gason jwi ak dwa fi jwi epi, yo diskite sou enplikasyon enjistis nan aplikasyon dwa moun</i>	Modil Fòmasyon Faz Kòmanse SASA/ "Apwofondi Konesans," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
1:00 - 1:45	Manje	
1:45 - 2:45	Evalyasyon relasyon koup <i>Patisipan yo fè refleksyon sou pwòp relasyon pa yo apati diskisyon yo fè anndan yo sou yon kesyon yo poze tèt yo.</i>	Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA/ "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org
2:45 - 3:30	Kijan nou kapab ekilibre pouvwa nou? <i>Patisipan yo fè diskisyon sou kisa pouvwa ki balanse ant gason ak fi ka sanble epi, yo kreye ti teyat pou montre kisa pouvwa ki balanse nan yon koup kapab sanble</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 85
3:30 - 3:45	Poz	
3:45 - 4:15	Kwè nan balans pouvwa <i>Patisipan yo chèche konprann kijan pouvwa balanse posib nan relasyon moun</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 88
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	
Apre-midi nèt (Li Pa obligatwa)	Ti Fèt! <i>Aktivite ki pa obligatwa—opòtinite pou relasyon pi sere ak pou youn aprann konnen lòt nan yon anbyans sosyal ki pi rilaks</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

3yèm jou: Pratike travay aktivis nou

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Dakò / Pa dakò <i>Fasilitatè li kèk deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan vote avèk pye yo epi yo diskite pwòp eksperyans ak pèspektiv yo</i>	Liv "Sesyon Fòmasyon Siplementè Kore Tifi;" disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
9:30 - 10:00	Sa pou nou fè ak sa pou nou pa fè nan konsyantizasyon <i>Patisipan yo brase lide sou bon pratik nan fè konsyantizasyon</i>	Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA/ "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org
10:00 - 11:00	Okazyon pou aktivis chak jou <i>Patisipan yo byen reflechi sou ki lè ak ki kote nan lavi nòmal yo yo kapab fè travay aktivis yo chak jou, apati yon brase lide sou yon istwa</i>	Modil Fòmasyon Faz Aksyon SASA/ "Ankouraje Chanjman Konpòtman," disponib sou: repansepouvwa.org
11:00- 11:15	Poz	
11:15 - 12:30	Fè pratik ak materyèl mobilizasyon kominotè Kore Tifi <i>Fè demonstrasyon ak pratik kapasite nan ti gwoup</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Utilize Afich Faz 2 (Konsyantize), paj 56 ak Ti pale ak paran Faz 2, #1 ak 2, paj 87 oubyen materyèl apwopriye pou manm GAK
12:30 - 1:15	Reponn kesyon kouran sou ranfòsman pouvwa tifi Kore Tifi <i>Patisipan yo fè similasyon sou fason pou yo reponn kesyon moun poze souvan konsènan Kore Tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: "Poukisa nou bezwen Kore Tifi? Kesyon moun konn poze souvan," Liv Entwodiksyon paj 25
1:15 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:00	Fè referans <i>Prezantasyon lis referans ki ajou a ak diskisyon sou fason pou bay referans. Yon panèl ka monte pou pèmèt AK yo ak manm GAK konnen pwen referans komen yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
3:00 - 3:30	Poz	

LÈ	SESYON	REFERANS
3:30 - 4:15	Plan Daksyon <i>Fè plan aktivite epi deside lè rankont chak mwa Pou AK yo: Kreye yon kalandriye aktivite pou pwochen mwa a. Deside sou lè rankont pou chak kominote, chwazi definitivman lokal ak lè pou premye rankont nan chak kominote.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak modèl ki nan "Kijan Kore Tifi ap mache: Swivi ak evalyasyon," Liv Entwodiksyon, paj 42
4:15 - fen	Evalyasyon ak selebrasyon <i>Pou MANM GAK: Kreye yon kalandriye ki baze sou kalandriye nòmal gwoup la; mete lè pou nou itilize nan aktivite yo ak fason gwoup la kapab angaje lòt moun.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an

ANKADREMAN AK AK MANM GAK


Pandan AK yo kòmanse fè plis aktivite mobilizasyon kominotè nan Faz 2, manm Ekip la pral kòmanse vizite aktivite sa yo pi regilye. Vizit sa yo se poto mitan ankadreman manm Ekip la bay AK yo. Manm Ekip ap genyen pou yo ranpli Fòm pou Rapò Aktivite pandan vizit yo, bay fidbak ki ap pèmèt AK yo ranfòse kapasite yo epi jwenn ankourajman ak motivasyon pou vanse nan travay aktivis yo. Manm Ekip la pral toujou kontinye fè rankont regilye avèk AK yo pou pataj eksperyans ak ranfòsman konpetans.

An menm tan, nan Faz 2, manm Ekip la pral devlope relasyon patenarya ki pi solid avèk kèk manm GAK kle tankou, lidè kominotè oubyen lòt moun ki genyen gwo enfliyans nan kominote a. Menm jan sa fèt pou AK yo, manm Ekip pral vizite aktivite manm GAK fè nan gwoup yo, yo ap ranpli Fòm pou Rapò Aktivite epi bay ankourajman ak fidbak.

Li empòtan pou manm Ekip bay ankadreman yon fason ki ankouraje devlopman lidèchip AK ak manm GAK yo plis travay aktivis yo. Prezans manm Ekip dwe ranfòse estati manm AK nan kominote yo ak manm GAK nan gwoup yo. Kalite ankadreman manm Ekip ofri dwe sèvi kòm modèl tou pou AK ak manm GAK ki kapab devni ankadrè pou manm kominote a. Ede AK ak manm GAK jwenn bon fason pou ede lòt moun grandi nan zafè pouvwa tifi, se mwayen pou ranfòse mouvman ki ap pèmèt pouvwa tifi avanse!

Kèk opòtinite pou ankadreman AK ak manm GAK:

- ✖ Rankont gwoup AK chak mwa oubyen de (2) fwa pa mwa.
- ✖ Vizit sipò manm Ekip nan aktivite AK ak manm GAK.
- ✖ Fè rankont apre evenman enpòtan yo pou nou tire leson ak reflechi sou yo.
- ✖ Vizite manm Ekip lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon ki pi fon e ki pèsonèl.



Menntò klèb tifi

Kòm klèb tifi yo pran vitès kwazyè yo, menntò ap enspire tifi yo dirèkteman pou yo fè chanjman nan lavi yo. An menm tan menntò yo ap enflyanse lòt moun nan kominote a pou yo genyen entèaksyon pozitif ak tifi yo!

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 2:

Asire menntò yo genyen konpetans pou ede tifi yo reyalize rezulta Faz 2 yo, e yo kapab:

- ✖ Esplike paran ak manm kominote a aktivite Faz 2 Kore Tifi yo.
- ✖ Bay tifi yo referans ki apwopriye pou resous ki nan kominote a.
- ✖ Esplike byen klè kontni Faz la sou sis (6) sijè klèb tifi yo: pouvwa ak estim pou tèt ou; kominikasyon; lidèchip ak zanmitay; finans; sante tifi; vyolans.
- ✖ Fè bon planifikasyon rankont, chwazi ak fasilite aktivite pou klèb tifi ki rekòmande nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi (Faz 2, paj 41), avèk sipò manm Ekip.
- ✖ Fè bon jan fasilitasyon avèk tout materyèl mobilizasyon kominotè Faz 2.
- ✖ Fè travay ki bay bon rezulta avèk tifi yo e avèk kominote a.

FÒMASYON POU MENNTÒ KLÈB TIFI

Fòmasyon pou menntò nan Faz 2 plis chita sou fè pratik avèk sesyon menntò pral genyen pou yo fasilite nan klèb yo. Li pa rekòmande pou nou fè yon fòmasyon plizyè jou nan Faz sa a. Sa kapab twò lou sou menntò yo pou yo aprann anpil nouvo sesyon nan yon fòmasyon. Li kapab pi itil pou nou fè jounen fòmasyon chak kèk semèn, plis lòt sesyon fòmasyon ak pratik ant jounen fòmasyon yo. Asire nou mete ase fòmasyon nan kalandriye nou pou menntò ka toujou santi yo prepare pou fè sesyon ak aktivite tou nèf yo pral genyen pou yo refè nan klèb yo!

Fòmasyon yo pral pran an kont tou apwofondisman konesans ak kwayans menntò yo pandan yo ap pèmèt menntò yo ranfòse kapasite yo pou fasilite sesyon sou sis (6) sijè klèb tifi yo, pou tifi nan klèb yo. Pi ba, genyen yon modèl ajennda manm Ekip kapab itilize kòm gid pou ajennda fòmasyon menntò. Manm Ekip kapab ajiste li selon bezwen manm klèb yo. Li enpòtan pou manm Ekip bay menntò sipò pou menntò yo kapab fasilite kèk sesyon

espesifik pandan fòmasyon yo. Se yon fason pou menntò yo antre pi fon nan sa yo te aprann epi fè pratik ak kapasite yo genyen kòm fasilitatè. Sa pral mande manm Ekip plis preparasyon toujou e menntò ki ap fè fasilitasyon ap bezwen plis sipò tou nan men manm Ekip anvan dat fòmasyon an. Kèk fason manm Ekip kapab ede menntò ki pral fasilite prepare tèt yo:

- ✖ Bay chak menntò sesyon li pral fasilite yo; fè menntò yo jwenn kopi kontni yo byen alavans.
- ✖ Asire yo genyen materyèl ak founiti apwopriye, e yo konprann wòl yo pral jwe nan fòmasyon an.
- ✖ Regade avèk menntò yo "Gid pou Aktivite Klèb Tifi" (Faz 2, paj 41). Konsa yo kapab chwazi aktivite epi fè pratik ak estil diferan modil prezante.
- ✖ Fè similasyon avèk menntò yo pou asire yo konnen fason pou yo fasilite sesyon fòmasyon.
- ✖ Mete menntò ki viv pre youn ak lòt pa de (2) pou yo kapab fè pratik ansanm, lè sa posib.

Men yon modèl ajennda fòmasyon pi ba a. Nou kapab itilize li kòm yon gid. Ajiste li pou li selon bezwen klèb nou. Nan modèl ajennda sa a, lè yo repati fason pou nou bay fasilitatè yo ankourajman ak sipò.

MODÈL AJENNDA FÒMASYON: MENNTÒ KLÈB TIFI (FAZ 2)

1ye jou: Pale sou pouvwa, devlope kapasite pou fasilite ak bay referans

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 - 10:00	Byenvini! <i>Anbyans ak entwodiksyon, objektif, atant, 5 minit similasyon kote menntò ap bay 1. yon paran, 2. tifi nan klèb ak 3. manm kominote a esplikasyon sou Kore Tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
10:00 - 10:45	Dakò / Pa dakò (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Fasilitatè li kèk deklarasyon sou pouvwa tifi. Patisipan vote avèk pye yo epi yo diskite pwòp eksperyans ak pèspektiv yo.</i> <i>Nan fen sesyon an, patisipan yo genyen opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i>	Dakò / Pa dakò ak Bay ak Resevwa Fidbak nan Liv "Sesyon Fòmasyon Siplemantè Kore Tifi," disponib sou: repansepouvwa.org

LÈ	SESYON	REFERANS
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 12:00	Fè pratik ak Afich Faz 2 (Konsyantize) <i>Fasilitè yo fè demonstrasyon ak Afich Faz 2. Apre sa, patisipan yo fè pratik nan ti gwoup</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Afich Faz 2, paj 56
12:00 - 1:15	SASA! Eksperyans nou ak pouvwa <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Patisipan yo fè yon travay ki ede yo konprann inpòtans pouvwa ki balanse. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 8yèm Ane, Faz 2, paj 34
1:15 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:00	Pouvwa, Privilèj, Egalite (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a)</i> <i>Patisipan egzamine konsèp pouvwa, privilèj ak egalite nan pwòp lavi yo. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 66
3:00 - 3:15	Poz	
3:15 - 4:15	Bay referans ki itil <i>Manm Ekip prezante enfòmasyon kouran sou kote ak mwayen pou bay bon jan referans pou tifi ki sibi vyolans, ki ansent sanzatann oubyen ki pran maladi moun pran nan fè bagay. Patisipan yo fè similasyon kote yo ap bay tifi nan klèb yo referans.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

Day 2: Sijè klèb tifi 1 ak 2 (Pouvwa ak Kominikasyon)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 – 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontnijou anvan an</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an



LÈ	SESYON	REFERANS
9:00 - 10:00	Sis (6) sijè esansyèl ak objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 1 ak 2 Phase 2 (Pouvwa ak Kominikasyon) <i>Revize sis (6) sijè esansyèl yo ak objektif aprantisaj ak objektif aprantisaj pou sijè klèb tifi 1 ak 2</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 2, paj 45 – 46
10:00 - 10:45	SASA/ Papye pouvwa (avèk fidbak) <i>(Se menntò ki fasilité sesyon sa a)</i> <i>Patisipan egzamine konsèp pouvwa nan refleksyon pèsonèl, yon jwèt kout ak diskisyon. Opòtinite pou bay fasilitatè fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 7yèm Ane Faz 2, paj 3
10:45 - 11:00	Poz	
11:00 - 12:30	Di moun sa yo dwe fè, ba yo enfòmasyon oswa poze yo kesyon? <i>Patisipan yo analize twa (3) metòd pou fè konsyantizasyon, apre sa yo itilize teknik poze kesyon</i>	Modil Fòmasyon Faz Konsyantizasyon SASA/ "Travay sou Kwayans," disponib sou: repansepouvwa.org
12:30 - 1:30	SASA/ Kapasite Kominikasyon (avèk fidbak) (Se menntò ki fasilité sesyon sa a) <i>Menntò fasilité yon aktivite ki familye pou yo kote patisipan fè similasyon ak bon teknik kominikasyon. Tifi nan klèb yo nan lespri menntò yo pandan yo ap fè similasyon an. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 1yè Ane Nouvo Segondè (3zyèm), Faz 3, paj 13
1:30 - 2:15	<i>Manje</i>	
2:15 - 3:00	Brase lide – Teknik pou devlope kominikasyon pozitif pami tifi yo <i>Nan yon brase lide, manm Ekip gide menntò yo pou reponn kesyon sa yo: 1. Ki kapasite kominikasyon ki kapab ede tifi viv avèk lajwa, san danje? 2. Ki estrateji nou kapab itilize pou ede tifi genyen konfyans pou eksprime tèt yo? 3. Kisa nou kapab fè pou ankouraje bon kominikasyon ak solidarite nan mitan tifi yo ? 4. Kijan nou kapab ede kominote a pou yo koute tifi yo ?</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
3:00 - 3:15	Poz	

LÈ	SESYON	REFERANS
3:15 - 4:15	Plan Daksyon - Pouvwa ak Kominikasyon <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entengre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) premye sijè esansyèl yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 2 (paj 45 – 46) pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Daksyon
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

3yèm jou: Sijè klèb tifi 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 – 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
9:00 - 9:30	Objektif aprantisaj pou sijè esasyèl 3 ak 4 (Lidèchip ak Zanmitay, Finans) Faz 2 <i>Revize objektif aprantisaj pou sijè esansyèl 3 ak 4</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj ki nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 2, paj 47 – 48
9:30 - 11:15	Konnen Tèt Ou!/ “La Connaissance de Soi” <i>(Se menntò ki fasilite sesyon sa a avèk sipò manm Ekip si yo vle sa) Sesyon patisipatif sou estim pou tèt ou, avèk yon nouvo estil liv fòmasyon. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak.</i>	Population Council, Filles Eveillées, sesyon 2, paj 8-11; disponib sou repansepouvwa.org
11:15 - 11:30	Poz	
11:30 - 12:30	Ti pale ak paran 3 ak 4 <i>Menntò yo patisipe nan sesyon Ti pale ak Paran 3 ak 4 (Faz Konsyantize) manm Ekip ap fasilite</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale ak Paran 1 ak 2 Faz 2, paj 87

LÈ	SESYON	REFERANS
12:30 - 1:15	Ti pale pou paran ak ptit yo: Lajan ak travay (avèk fidbak) <i>Menntò klèb tifi yo aprann fasilité yon Ti pale pou paran ak ptit yo. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Pale pou Paran ak Ptit Faz 2, paj 99
1:15 - 2:00	<i>Manje</i>	
2:00 - 3:30	Ki Kote Lajan m lan Sòti e Ki Kote li Prale <i>(Se menntò ki fasilité sesyon sa a, si posib) Sesyon patisipatif sou bidjè, avèk yon nou estil liv fòmasyon. Opòtinite pou bay fasilitatè a fidbak</i>	Haiti Adolescent Girls Network, Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolesan, session 1.2, pages 8-10; ³ disponib sou repansepouvwa.org
3:30 - 3:45	Poz	
3:45 - 4:15	Plan Daksyon – Lidèchip ak Zanmitay, Finans <i>Manm Ekip ak menntò fè plan dakson pou pratike fasilitasyon oubyen pou entegre lòt sesyon ki te rekòmande nan de dezyèm sijè esansyèl klèb tifi</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi Faz 2 (paj 47 – 48) pou lòt sesyon ak lide pou nou entegre nan Plan Dakson.
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

4yèm jou: Sijè klèb tifi 5 ak 6 (Sante tifi ak Anpeche vyolans)

LÈ	SESYON	REFERANS
8:30 – 9:00	Repriz <i>Rezime kreyatif oubyen ki gen vi sou kontni jou anvan yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an
8:30 - 9:30	Revize objektif aprantisaj Faz 2 pou sijè 5 ak 6 (Sante tifi ak Anpeche Vyolans) <i>Jwèt ak repriz manm Ekip fè sou objektif aprantisaj pou sijè klèb tifi 5 ak 6</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Objektif aprantisaj nan Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 2, paj 49-51

LÈ	SESYON	REFERANS
9:30 - 10:30	Ti komik Natali No. 1 <i>Patisipan yo aprann fasilité yon ti komik Kore Tifi. Yo kapab fasilité li nan klèb tifi kòm yon aktivite sou sijè sante</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Komik Natali, Faz 2 paj 63
10:30 - 10:45	Poz	
10:45 - 12:30	Ti koze sou lasante 1-3, Faz 2 <i>Patisipan yo divize an gwooup pou yo aprann fasilité Ti koze sou lansante Faz 2. Yo jwenn fidbak nan men manm Ekip ak lòt moun sou jan yo fasilité.</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an, sèvi ak: Ti Koze sou Lasante Faz 2, paj 67
12:30 - 1:15	Blam viktim <i>Patisipan apran sou tandans ki genyen pou yo blame moun ki genyen mwens pouvwa nan yon sitiyasyon. Se yon sesyon menntò yo kapab reprann nan klèb yo.</i>	Kourikoulòm Syans Sosyal 9yèm Ane, Faz 2, paj 76
1:15 - 2:00	Manje	
2:00 - 3:00	Teyat No. 1, Faz 2 <i>Manm Ekip bay menntò divès wòl pou yon teyat. Se yon modèl aktivite ki posib pou menntò yo refè nan klèb yo</i>	"Entwodiksyon Teyat" Faz 2, paj 80 ak Teyat no. 1, paj 81
3:00 - 3:15	Poz	
3:15 - 4:15	Plan Daksyon – Sante tifi ak Anpeche Vyolans <i>Manm Ekip ak menntò fè Plan Daksyon pou fè pratik fasilitasyon oubyen pou entengre lòt sesyon ki te rekòmande nan de (2) dènye sijè esansyèl yo</i>	Manm Ekip la ki pou devlope sesyon an. Pou lòt sesyon/lide ki pou entegre nan Plan Daksyon an, gade Gid pou Aktivite Klèb Tifi, Faz 2, paj 49-51.
4:15 - 4:30	Evalyasyon ak kloti	

ANKADREMAN MENNTÒ KLÈB TIFI

Menntò klèb tifi yo bezwen divès kalte sipò lè klèb yo genyen yon rit nòmal pou rankont, tifi yo kòmanse fè menntò yo konfyans, yo genyen nouvo konesans epi yo ap reflechi sou pwòp kwayans yo. Ankadreman pou menntò genyen alafwa entèaksyon youn ak youn ak menntò yo plis, vizit regilyè pou wè aktivite klèb yo. Vizit nan klèb yo ap pèmèt manm Ekip obsève pwogrè ki fèt, gade dinamik ki egziste ant menntò ak tifi yo, genyen lide sou lòt konpetans menntò yo bezwen. Manm Ekip pral kapab, apati vizit yo, bay menntò fidbak ak pawòl ki pote ankourajman ak sipò, ranpli Fòm pou Rapò Aktivite (gade "Kijan Kore Tifi ap mache? Swivi ak evalyasyon" Liv Entwodiksyon, paj 46).

Kèk opòtinite pou ankadreman menntò nan Faz 2:

- ✖ Vizit youn a youn ant manm Ekip avèk menntò.
- ✖ Rankont youn oubyen de (2) pa mwa avèk tout menntò ansanm pou ranfòsman kapasite, planifikasyon rankont, ak patisipasyon nan sesyon fòmasyon.
- ✖ Bay menntò sipò pou prepare sesyon fòmasyon, aktivite ak rankont yo pral genyen pou yo fasilité.
- ✖ Vizit sipò manm Ekip nan chak klèb omwen yon fwa chak twa (3) mwa, e plis si sa nesesè.
- ✖ Ti rankont regilye, enfòmèl ant menntò ki viv pre kòm yon sistèm sipò ak pataj eksperyans menm si se san prezans manm Ekip.



Pwofesè

Pwofesè se alafwa lidè pou timoun, lidè pou gramoun tou. Ak pratik ki san vyolans plis ekilib pouvwa, yo genyen pouvwa pou chanje konesans ak kwayans nan sal klas kou nan lekòl an jeneral.

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 2:

Asire pwofesè yo genyen konpetans pou yo ede elèv yo reyalize rezulta Faz 2 yo, e yo kapab:

- ✖ Fasilite sesyon Faz 2 nan kourikoulòm nan pou matyè ak klas pa yo.
- ✖ Refere elèv pou yo jwenn resous ki apwopriye nan kominate a si yo sibi vyolans, si yo pran VIH/SIDA, lòt viris moun pran nan fè bagay oubyen tou si yo ansent.

FÒMASYON POU PWOFESÈ

Nan Faz 2, pwofesè Syans Sosyal, Biyoloji ak Fransè 3yèm sik fondamantal pral kòmanse sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl. (Pou jwenn esplikasyon sou ki moun ki sèvi ak kourikoulòm nan, gade "Entwodiksyon Kourikoulòm" nan Faz 2, imedyatman anvan liv kourikoulòm yo). Fòmasyon Faz 2 vize prepare pwofesè sa yo pou yo sèvi ak kourikoulòm Kore Tifi. Chak pwofesè ki ap patisce nan pwoesis la dwe resevwa yon liv nan kourikoulòm nan pou matyè ak klas yo anseye.

Fòmasyon an genyen prensipalman sesyon pratik. Se manm Ekip ki kowòdone fòmasyon an men se pwofesè 3yèm sik yo ki fasilité li. Li enpòtan pou nou divize pwofesè yo dapre matyè yo anseye—Syans sosyal, Biyoloji ak Fransè—epi rankontre chak gwoup apa. Li kapab difisil pou nou fè fòmasyon entansif oubyen fòmasyon ki dire plizyè jou pou pwofesè pandan jou lekòl regilye. Manm Ekip la kapab bay pwofesè sipò pou yo prepare, epi fè pratik nan gwoup ki monte dapre matyè yo anseye pandan wiken, jou konje, vakans oubyen nenpòt lè ki bon pou yo. Men kèk pwen ki pou ede nou estriktire fòmasyon pou pwofesè nan Faz 2:

- 1) **Distribiye sesyon.** Fè lis tout sesyon ki nan kourikoulòm Faz 2 pwofesè bezwen pratike nan chak matyè. Envite pwofesè 3yèm sik fondamantal ki enplike nan pwoesis la pou yo chwazi ak aprann fasilité sesyon espesifik dapre matyè yo anseye. Manm Ekip kapab ede pwofesè yo chwazi sesyon ki apwopriye. Ekri non chak pwofesè ak chak sesyon pwofesè a reskonsab pou li fasilité. Asire tout sesyon yo parèt nan kalandriye e pwofesè pral fasilité yo oubyen manm Ekip la pral prezante yo.

- 2) **Bati ajennda pou fòmasyon.** Negosye ak chak gwoup pwofesè pou jwenn dat k ap pi bon pou yo konsakre yon demi-jounen oubyen yon jounen pou yo pratike sesyon yo. Baze sou rezulta ki soti nan negosyasyon dat ak pwofesè yo, devlope yon ajennda fòmasyon pou chak gwoup dapre lis nou te kreye nan premye etap la. Li enpòtan pou nou mete yon sesyon entwodiksyon sou kourikoulòm nan an jeneral e se manm Ekip ki pou facilite li. Pou bay egzanp, manm Ekip la ap facilite pou pi piti yon sesyon nan kourikoulòm nan tou. Nou kapab bezwen planifye plizyè demi-jounen oswa jounen pou pwofesè chak matyè jwenn chans fè pratik nan facilite sesyon ak aprann kontni ki mache ak sesyon yo. Pataje ajennda pou fòmasyon an alavans avèk pwofesè, pwen fokal.
- 3) **Bay pwofesè sipò youn a youn.** Li enpòtan pou manm ekip la ede pwofesè yo konprann kijan liv kourikoulòm nan ak gid pou sesyon yo mache, fason pou yo sèvi avèk liv plis gid pou prepare sesyon. Manm Ekip kapab rankontre ak pwofesè youn a youn pou regade sesyon espesifik avèk yo, eslike yo fason pou yo sèvi avèk gid pou sesyon yo epi asire yo genyen ase konpreyansyon ak materyèl nesesè pou yo facilite sesyon yo genyen.
- 4) **Prepare lojistik pou fè pratik.** Asire nou genyen lokal, materyèl, founiti ak manm Ekip pou sipò ki nesesè pou nou fè sesyon pratik.
- 5) **Pratike sesyon an gwoup.** Envite pwofesè chak gwoup vin fè pratik ak sesyon yo dapre kalandrire ki te tabli a. Mete aksan sou wòl kapital pwofesè jwe nan pwosesis chanjman elèv. Nou kapab swiv ajennda a pou nou bay chak pwofesè opòtinite pou fè pratik ak sesyon li te genyen. Lòt pwofesè ak manm Ekip la ki nan sal la pral jwe wòl elèv pou repwodwi anviwonman yon sal klas nòmal. Apre chak sesyon, asire nou kite opòtinite pou patisipan bay fasilitatè a ankourajman ak fidbak. Asire nou bay fidbak ki konstriktif pandan nou ap demonstre respè ak onè pou eksperyans chak pwofesè. Nou kapab mande yo reflechi tou sou adaptasyon ki kapab nesesè pou konfigurasyon sal klas yo travay. Mande pwofesè yo brase lide oubyen fè similasyon, si sa nesesè, sou fason yo ta chwazi pou yo evalye sa elèv aprann nan chak sesyon.

Asire pwofesè yo santi yo byen prepare pou yo facilite sesyon yo avèk elèv ki nan klas yo!

Gen lekòl ki kapab bezwen adapte kèk pati nan kourikoulòm nan pou kontèks ak reyalite patikilye pa yo. Sa kapab fèt pandan pwofesè yo nan sesyon fòmasyon ak sesyon pratik. Pwofesè ak manm Ekip kapab travay ansanm pou yo fè tout ajisteman ki nesesè depi yo veye yon fason estrik pou ajisteman sa yo pa pote okenn nyans sou kontni sesyon yo, ak kontni Kore Tifi an jeneral.

Gade devan


Nan fen Faz 1a, nou kapab kòmanse prepare pou Faz 3. Avèk kontni Faz 3, nou ap reyalize fòmasyon pou pwofesè 1ye ak 2yèm Ane Nouvo Segondè (3zyèm ak Segonn). Nan kèk ka, se menm pwofesè nou te travay avèk yo déjà. Ap genyen nouvo pwofesè tou. Si genyen pwofesè ki poko fè konesans ak kourikoulòm Kore Tifi, nou kapab envite yo fè obsèvasyon nan klas ki déjà ap sèvi ak Faz 2 kourikoulòm nan. Sa ap ede yo prepare tèt yo epi konprann kontni ki vini anvan yo.

ANKADREMAN PWOFESÈ

Nan Faz 2, ankadreman vize ede pwofesè santi yo alèz pou facilite sesyon pa yo nan kourikoulòm nan e, yo vin pi alèz ak kontni esansyèl Kore Tifi. Pi gwo aktivite ankadreman reyalize apati vizit sipò lè gen sesyon nan sal klas. Vizit sipò yo dwe pèmèt pwofesè jwenn ankourajman ak fidbak apre yo fin fè kou.

Kèk opòtinité pou ankadreman:

- ✖ Manm Ekip fè vizit sipò reglilye nan klas lè pwofesè ap facilite sesyon Kore Tifi (pwen fokal ta ka fè sa tou).
- ✖ Pwofesè jwenn ankourajman pou yo patisipe nan aktivite pwen fokal ap reyalize nan lekòl yo.
- ✖ Vizite pwofesè lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon pi fon e, ki plis pèsònèl.



Pwen fokal nan lekòl

Pwen fokal mennen pwosesis chanjman an nan lekòl, e lekòl ede tou nan kanalize panse tout kominote a. Kòm lidè pwosesis gwo chanjman nan lekòl, pwen fokal yo ap kreye yon modèl chanjman nan lekòl lòt moun kapab swiv.

OBJEKTIF APRANTISAJ POU FAZ 2:

Asire pwen fokal yo genyen konpetans pou yo fè tout aktè ki enplike nan lekòl reyalize rezulta Faz 2 yo, e yo kapab:

- ✖ Bay paran ak manm kominote a esplikasyon sou aktivite Faz 2 yo, nan Kore Tifi.
- ✖ Bay bon jan referans pou tifi ak fanm ki sibi vyolans, trape VIH/SIDA oubyen lòt maladi moun pran nan fè bagay, vin ansent sanzatann oubyen ki an risk pou yo fè fas ak youn nan pwoblèm sa yo.
- ✖ Travay avèk manm Ekip pou chwazi ak facilite aktivite mobilizasyon kominotè Faz 2 avèk lòt pèsònèl lekòl, elèv ak paran.

FÒMASYON PWEN FOKAL

Nan Faz 2, pa genyen sesyon fòmasyon espesyal pou pwen fokal. Si posib, pwen fokal yo kapab patisipe nan sesyon fòmasyon ki fèt pou AK ak manm GAK. An plis lòt aspè yo, nan sesyon ranfòsman kapasite ki fèt chak mwa yo, nou pral mete atansyon sou fason pwen fokal dwe itilize materyèl mobilizasyon kominotè yo. Konsa, yo pral kapab fè aktivite avèk tout aktè nan lekòl, elèv yo tou. Nou kapab chwazi fè lòt sesyon fòmasyon nou jije ki itil pou ede pwen fokal yo reflechi sou sa ki pral enpòtan pou ede yo prepare tèt yo pou travay yo. Nou kapab itilize tout kontni nou santi ki kapab itil (gade kontni ki siyale nan modèl ajennda dokiman sa a).

ANKADREMAN PWEN FOKAL

Nan Faz 2, ankadreman mete aksan sou ede pwen fokal prepare yo pou yo fè aktivite mobilizasyon kominotè avèk paran ak elèv, an plis lòt pèsonèl lekòl. Kèk opòtinite pou ankadreman:

- ✖ Rankont chak mwa avèk pwen fokal.
- ✖ Vizit sipò manm Ekip nan aktivite pwen fokal ap fè.
- ✖ Rankont apre evenman enpòtan pou tire lesон ak fè refleksyon.
- ✖ Vizite pwen fokal lakay yo, lè sa apwopriye, pou ede pote sijè yo nan yon nivo refleksyon pi fon e, ki plis pèsonèl.

Dènye mo

Aktivite fòmasyon ak ankadreman ki prezante nan dokiman sa ap kontinye fèt pandan tout peryòd Faz 2 a. Sonje analize pwogrè nou ap fè regilyèman pandan nou ap pote atansyon sou objektif aprantisaj chak gwoup, ak Rezulta Faz 2 yo. Piti piti, zwazo fè nich li!

Nòt

1. Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA! Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/ SIDA*. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.
2. Population Council (2012) Filles Eveilleès: Program pour les adolescents employées de maison- Guide Mentor, Available at popcouncil.org
3. Making Cents International, Save the Children, AmeriCares, Haiti Adolescent Girls Network. (July 2011). *Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolesan*.

GID AKTIVITE POU KLÈB TIFI

FAZ 2 (KONSYANTIZE)



Kòm kounye a nou fin reyalize Faz 1 an, klèb yo dwe deja monte e menntò yo dwe kòmanse reyini ak tifi yo, omwen chak semenn. Menntò yo dwe resevwa lòt fòmasyon tou e manm Ekip Kore Tifi dwe ba yo vizit sipò, omwen de fwa pa mwa. Kounye a tou, Ekip la pi byen konnen tifi ki manm klèb yo; donk li genyen yon pi bon lide sou kalte aktivite ki ta pi enteresan pou tifi yo, e ki ta ka pèmèt yo pi angaje nan klèb yo. Dokiman sa a fèt pou ede Ekip Kore Tifi a ak menntò yo chwazi aktivite ki konfòm pou klèb yo nan Faz 2. Sonje, klèb tifi yo ak pwosesis mobilizasyon kominotè nan Faz 2 ap ede tifi reyalize rezulta sa yo:

Rezulta 1 (KONESANS): Tifi yo **konnen** bagay sa yo:

- ✖ Kisa "pouvwa" vle di.
- ✖ Tout diferan tip vyolans sou tifi ak fanm plis konsekans yo sou tifi ak fanm; avantaj ki genyen nan relasyon san vyolans.
- ✖ Se dezekilib pouvwa ki kòz fondamantal vyolans sou tifi ak fanm.
- ✖ Timoun ki fè eksperyans vyolans oubyen ki temwen zak vyolans lakay yo oubyen nan kominote yo genyen plis chans, lè yo gran, pou yo fè eksperyans vyolans oubyen sèvi ak vyolans.
- ✖ Mank pouvwa tifi ak fanm ogmante danje pou yo trape VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay.

Rezulta 2 (KWAYANS): Tifi **kwè** bagay sa yo:

- ✖ Tout moun kabap sèvi ak pouvwa yo yon fason pozitif e pote chanjman pozitif nan lavi yo.
- ✖ Tifi ak ti gason dwe jwenn bon jan edikasyon sou kò yo, sou koze fè bagay e sou jan pou yo pwoteje tèt yo kont gwo sès ak VIH/SIDA.
- ✖ Tifi ak ti gason dwe genyen menm pouvwa.
- ✖ Tifi ak ti gason dwe genyen menm mezi libète.
- ✖ Tout kominote a benefisyé lè granmoun koute eksperyans ak lide tifi.
- ✖ Moun pa dwe blame tifi pou vyolans yo sibi.
- ✖ Moun nan kominote a genyen reskonsabilite pou yo pale aklè kont vyolans sou tifi ak fanm.
- ✖ Edikasyon tifi genyen menm enpòtans ak edikasyon ti gason.
- ✖ Gason (ti gason) ak fanm (tifi) dwe pataje travay nan kay egal-ego.



Pou ede tifi yo reyalize rezulta sa yo, nou pral angaje yo nan divès aktivite ki repati nan sis sijè prensipal. Sijè sa yo se:

- ✖ Pouwwa
- ✖ Kominikasyon
- ✖ Lidèchip ak zanmitay (*Remak: ladan yo genyen presyon zanmi ak estim pou tèt ou*)
- ✖ Finans
- ✖ Sante tifi
- ✖ Vyolans

Nan Kore Tifi, sis sijè sa yo detèmine aktivite ki fèt nan klèb tifi, e se menm sijè yo ki devlope nan Faz 2, 3 ak 4. Men kontni yo chanje yon fason pou kontni Faz ki vini anvan sèvi baz pou Faz ki vini apre a. Alòske Faz 2 vize chanje konesans ak kwayans, Faz 3 vize konstwi konpetans, e Faz 4 vize chanje konpòtman.

Dokiman sa a genyen sa nou ta renmen tifi aprann sou chak sijè nan Faz 2 ak aktivite ki kapab sèvi pou ede sa fèt. Nou ka jwenn aktivite sa yo swa nan dokiman Kore Tifi, oubyen nan lòt resous nou site e ki disponib sou entènèt.

Chak klèb tifi inik, youn pa menm ak lòt. Donk youn ka bezwen plis oubyen mwens aktivite sou yon sijè. Pou pèmèt tifi yo aprann plis posib, klèb yo kapab suiv lide nou sijere pou chak sijè, epi chwazi lòt resous pou devlope atou nou te idantife nan Faz 1 ki enpòtan pou tifi nan klèb yo. Se menntò yo ak Ekip Kore Tifi ki pou deside ki aktivite nan chak sijè ki ap pi bon pou manm klèb yo kapab devlope atou yo epi reyalize rezulta yo nan chak faz. Lè n ap chwazi aktivite, sonje:

- ✖ Byen anime aktivite yo e pèmèt tifi yo rejwenn yo ladan yo; konsa yo pral toujou vle kontinye vini nan klèb la;
- ✖ Toujou kontinye angaje paran ak lòt moun nan kominote a pou yo ka kontinye ankouraje patisipasyon tifi nan klèb yo;
- ✖ Byen egzamine yon aktivite anvan nou fè li, yon fason pou asire aktivite a konfòm pou klèb nou an.

Kèk aktivite pi byen cadre ak tifi 10 – 14 lane pandan lòt mache pi byen pou tifi 15 – 19 lane. Akoz matirite ak devlopman tifi varye dapre divès faktè, anpil kourikoulòm, nan mond la, pa genyen laj pou tifi ki mansyone ladan yo. Nou ap konnen tifi nan klèb yo e nou pral kapab verifye kisa ki ap pi bon pou yo!

Resous ki enpòtan pou klèb tifi an Ayiti

Kontni ki fèt pou klèb tifi toujou ap devlope paske se chak jou òganizasyon ap kreye novo zouti. Si nan nenpòt nan sijè pi wo yo, nou pa santi tifi yo reyalize rezulta faz la, oubyen yo pa devlope ase atou yo bezwen yo, nou kapab jwenn lòt aktivite an kreyòl oubyen an fransè! Pou sa, ale sou paj Rezo Aksyon pou Fi Ayisyen (HAGN) pou novo kourikoulòm pa yo www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016 oubyen ale sou paj Pwogram Repanse Pouvwa Beyond Borders www.repansepouvwa.org pou nou jwenn resous pou aktivite klèb tifi. Paj sa a ajou a chak fwa gen novo zouti ak resous ki disponib.



Itilizasyon kourikoulòm Kore Tifi nan klèb tifi

Anpil nan aktivite ki nan kourikoulòm lekòl Kore Tifi kapab itil pou klèb tifi. Lè nou anvizaje sèvi avèk aktivite sa yo, byen gade yo anvan pou nou asire yo konfòm avèk laj, matirite tifi ki nan klèb nou. Anpil nan aktivite sa yo te fèt pou tifi 15 – 19 lane. Men genyen ladan yo ki ka bon pou tifi 10 – 14 lane tou. Pou nou adpate yo pou klèb tifi, sote seksyon ki sijere tranzisyon pou antre ak soti nan liv yo. Lanse nou nan aktivite yo apati seksyon "Etap" yo. Nou kapab bezwen chanje kèk tèm tou nan langaj nou. Pa egzanp nou ka di patisipan olye elèv. Avèk kèk ti chanjman minè, materyèl rich sa a, kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl, byen plase kòm zouti pou aktivite klèb tifi. E, nou genyen aksè ak li apati dokiman Kore Tifi.

Sijè 1: Pouvwa

Pou nou ogmante pouvwa tifi nan kominote a, li enpòtan pou tifi yo konprann epi dekoutri konsèp pouvwa. Nan Faz 2, sou sijè pouvwa, menntò yo kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo :

- * Nou tout genyen pouvwa anndan nou
- * Tifi ak ti gason dwe genyen menm pouvwa
- * Pouvwa kapab pozitif oubyen negatif, selon fason nou sèvi ak li
- * Se yon enjistis sa ye, lè yon moun sèvi ak pouvwa sou pou li retire pouvwa lòt moun; e sa lakoz vyolans.



AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi sou zafè pouvwa, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * Kijan nou wè pouvwa tifi nan kominote a? (gade Afich Faz 2 Kore Tifi, paj 56).
- * SASA! Papye Pouvwa (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 7yèm Ane, paj 3).
- * SASA! Eksperyans nou avèk Pouvwa (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 8yèm Ane, paj 34).
- * Pouvwa, Privilèj, Egalite (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 9yèm Ane, paj 66).
- * SASA! Chwa nou fè ak pouvwa (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 9yèm Ane, paj 70).
- * SASA! Faz Kòmanse Afich Pouvwa (gade SASA! Faz Kòmanse Materyèl Kominikasyon, repansepouvwa.org).
- * Remak: Nou kapab chèche lòt aktivite pou nou konprann pouvwa nan Faz kòmanse SASA! sou (<http://raisingvoices.org/sasa/download-sasa/>). Repanse Pouvwa, yon pwogram Beyond Borders, te adapte li pou Ayiti (repansepouvwa.org).

Sijè 2: Kominikasyon

Bon jan kominikasyon esansyèl nan konstwi pouvwa tifi. Nan Faz 2, tifi aprann sou kominikasyon avèk paran yo e avèk moun k ap pran swen yo. Yo aprann bay dizon pa yo ak pa lòt tifi valè. Tifi kapab kòmanse fè pratik pale devan gwoup moun (menm si se devan manm klèb yo), kondui ak modere echanj ak diskisyon nan gwoup, planifye reyinyon, eksprime lide yo ak pwennvi yo ouvètman, konven ak enfiyanse lòt moun, plis rezoud konfli – tout sa kapab fèt nan klèb yo ak nan aktivite Kore Tifi sou lòt sijè. Nan Faz 2, sou sijè kominikasyon, menntò yo kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo:

- * Bon kominikasyon ranfòse pouvwa.
- * Byen eksprime tèt nou enpòtan; lè tifi pran pozisyon, sa pote avantaj pou tout kominote a.
- * Genyen kèk prensip kle pou bon kominkasyon (egzanp: poze kesyon ki pou ankouraje lòt moun pale ak aprann, pa pote jijman, elatriye).

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi sou kominikasyon, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * SASA! Di moun sa yo dwe fè, ba yo enfòmasyon oswa poze yo kesyon? (gade SASA! Faz Konsyantize Modil Fòmasyon pou Travay sou Kwayans, repansepouvwa.org).
- * SASA! Kapasite Kominikasyon (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 3zyèm / 1yè ane nouvo segondè, paj 13).
- * Lide pou nouvo aktivite: Fè tifi yo, touatou, ede menntò yo planifye pwochen reyinyon, ak pran wòl fasilitasyon ki apwopriye ak laj plis kapasite yo.
- * Lide pou nouvo aktivite: Nan lòt aktivite sou lòt sijè Kore Tifi, panse mande yon tifi jwe wòl fasilitatè ak poze kesyon, oubyen pou li se moderate ki bay lòt tifi lapawòl.

Nòt pou fasilitatè: Pifò aktivite sou sijè kominikasyon, se aktivite nou pral jwenn nan faz apre yo paske aktivite sa yo mete fokis sou teknik kominikasyon ak chanjman konpòtman. Pou rezon sa a, pifò konesans ak devlopman konsyans sou zafè kominikasyon soti nan egzanp menntò yo bay ak fason yo kominike avèk tifi yo. Menntò yo kapab ankouraje tifi yo eksprime tèt yo nan diskisyon an gwoup, jwenn fason pou kore pwòp lide pa yo, konven ak enfiyanse lòt moun. An plis de sa, kòm konn gen konfli nan mitan tifi, menntò yo dwe ede tifi yo aprann kominike youn ak lòt san yo pa ni blaze ni atake lòt. Menntò dwe sèvi kòm modèl pou tifi yo obsève bon jan kalite kominikasyon, epi mande tifi yo eseye tou.

Sijè 3: Lidèchip ak zanmitay

Aprantisaj pou devni lidè pozitif ak devlope zanmitay, se de bagay ki kenbe tifi an sekirite e ki pèmèt yo genyen lavwaochapit. Nan Faz 2, sou kesyon lidèchip ak zanmitay, menntò yo kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo:

- * Estim pou tèt ou: Tifi yo espesyal e yo genyen gwo enpòtans; Lè tifi devlope zanmitay ki pozitif ak tifi parèy yo, sa bay tifi pouvwa.
- * Wòl fi, wòl gason: Sosyete a bay tifi ak ti gason wòl diferan nan fason ki limite pouvwa tifi.
- * Presyon zanmi: Presyon zanmi se yon fòm pouvwa negatif, li enpòtan pou nou itilize pouvwa pozitif kont presyon zanmi.
- * Lidèchip pozitif: Yon bon lidè sèvi ak pouvwa li fason ki pozitif e li bay tout moun valè; nou tout gen pouvwa pou nou devni bon lidè.

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi sou lidèchip ak zanmitay, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * **Estim pou tèt ou:** Population Council, *Filles Éveillées*, session 2-3, pages 8-14. (gade popcouncil.org) Remak: Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la oubyen plis.
- * **Wòl fi, wòl gason:** SASA! Kisa sosyete a ap atann (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi, 7yèm Ane, paj 7 oubyen Gid Aktivis SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org).
- * **Presyon zanmi:** Population Council, *Filles Éveillées*, session 9, page 41 (gade popcouncil.org).
- * **Lidèchip pozitif:** Population Council, *Filles Éveillées*, session 10, page 46. (gade popcouncil.org).



Sijè 4: Finans

Konpreyansyon ak bon konviksyon sou zafè lajan, kontwòl sou resous ak pouvwa, se eleman esansyèl pou sekirite, lavwaochapit ak santiman sou pouvwa pou fè chanjman. Nan Faz 2, sou sijè Finans, menntò kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo:

- * Fanm, tifi dwe genyen menm posibilité avèk gason, ti gason nan jwenn aksè ak resous plis nan genyen kontwòl sou resous yo.
- * Endepandans fanm nan zafè ekonomi enpòtan pou fanm yo, fanmi yo ak kominate yo.
- * Fè planifikasyon bidjè ak depans, fè diferans ant depans ki ijan ak sa ki ka tann, bagay sa yo ede nou jere resous nou fason ki efikas.
- * Genyen gwo risk pou tifi si yo sèvi ak kò yo pou yo gen lajan oubyen aksè ak resous.

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:


Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi sou kesyon finans, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * Ti Komik Jesika No. 1 (gade Faz 2 paj 61). Remak:
Resous sa a site nan sijè Vyolans tou. Sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la oubyen plis.
- * Ti Pale ak Paran 3 ak 4 (gade Faz 2 paj 95 ak 97).
- * Ti pale pou Paran ak Ptit yo: Lajan ak Travay (gade Kore Tifi, paj 99).

Remak: Menntò yo kapab patisce nan Ti Pale ak Paran 3 ak 4. Apati de sa, aprann fasilité Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Lajan ak Travay.



- * *Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolesan*, sesyon 1.1-1.4, sou kesyon: lajan likid ak sikilasyon lajan likid, pran desizyon nan zafè finans, ak fè diferans ant sa nou bezwen ak sa nou jis vle genyen, paj 7 – 15. Oubyen gade nouvo kourikoulòm HAGN 2016.



Sijè 5: Sante Tifi

Konesans de baz sou sante, genyen yon lespri ouvè pou aprann ak poze kesyon sou zafè sante, bagay sa yo esansyèl nan ede tifi rete an sekirite ak an sante. Nan Faz 2, nan zafè sante tifi, menntò yo kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo:

- * Sa ki esansyèl nan ijyèn entim ak enfòmasyon esansyèl sou pati entim ki nan kò gason ak sa ki nan kò fi.
- * Kisa règ oubyen peryòd ye, e kisa sa vle di pou yon fi.
- * Fason pou yon fi kenbe bon jan ijyèn pandan règ li ak fason pou li evite trape enfeksyon.
- * Enfòmasyon ak pouvwa pou anpeche gwosès.
- * Fè bagay twò bonè pote gwo risk pou sante yon fi.
- * Mank pouvwa lakoz gwo risk pou gwosès ak enfeksyon moun pran nan relasyon seksyèl, tankou VIH.
- * Konesans sou kò nou ak bon jan apresyasyon pou kò nou, se yon kalite pouvwa pozitif sa ye.

AKTIVITE NOU REKÒMANDE:

Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi nan zafè sante tifi, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * Ti Komik Natali No. 1 (gade Faz 2, paj 63). Remak: Selon diskisyon yo, sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la. Resous sa a site nan sijè Vyolans tou.
- * Ti Koze sou Lasante 1 – 3 sou sijè sa yo: risk ki genyen pou sante moun ki fè bagay twò bonè, mank pouvwa lakoz gwo risk pou nou trape VIH; vin konfòtab ak kò nou epi kwè nan tèt nou.


Remak: Nou kapab fè yon ti pale pa sesyon pandan 3 sesyon avèk yon lòt aktivite. Oubyen, envite yon pwofesyonèl lasante vin pale ak klèb la pou antre pi fon nan sijè a. (gade Kore Tifi paj 67).

- * Ki lè yon moun pare pou li fè pitit? (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 7yèm Ane, paj 4).
- * SASA! Kisa VIH/SIDA ye? (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 9yèm Ane, paj 24 oubyen SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org).
- * SASA! Sistèm defans sante moun ak VIH/SIDA (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 9yèm Ane, paj 33 oubyen SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org).

- * Kiyès ki kouri plis risk pou trape VIH/SIDA? (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 9yèm Ane, paj 37).
- * Metòd pou anpeche moun fè ptit san preparasyon (gade kourikoulòm Biyoloji Kore Tifi 3zyèm / 1yè ane nouvo segondè, Faz 3 paj 10).

Remak: Sesyon sa a tonbe nan Faz 3 nan kourikoulòm Kore Tifi pou lekòl akoz kote sijè a plase nan kourikoulòm Ministè Edikasyon Nasyonal. Men, pou kèk klèb tifi, nou kapab deside entwodui kesyon sa a pi bonè.

- * Aktivite siplément: Fòmasyon sou zafè sante seksyèl pou tifi 'Espaces Pa m' yo: Nap aprann konnen kò nou ak kèk konpetans pou nou jere sante seksyèl nou pi byen, aktivite 1-24. Oubyen gade nouvo kourikoulòm HAGN 2016.



Sijè 6: Vyolans

Chanje konesans ak kwayans tifi sou zafè vyolans, se kreye kondisyon pou anpeche tifi ki sibi vyolans jwenn blam. E nan faz apre yo, se aprann tifi bay tifi parèy yo sipò epi pase alaksyon pou anpeche vyolans. Konnen kisa vyolans ye kapab ede tifi yo konnen pwòp dwa yo epi pèmèt yo kenbe tèt yo an sekirite. Nan Faz 2, pou anpeche vyolans, menntò yo kapab ede tifi yo aprann bagay sa yo:

- * Genyen kat tip vyolans sou tifi ak fanm – vyolans fizik, seksyèl, emosyonèl, ekonomik.
- * Vyolans sou timoun byen konekte ak vyolans sou tifi ak fanm.
- * Dezekilib pouvwa se prensipal koz vyolans sou tifi ak fanm (remak: gen lòt faktè ki kontribiye pou vyolans fèt sou tifi ak fanm men, se pa koz prensipal yo ye).
- * Timoun ki temwen oubyen ki fè eksperyans vyolans lakay yo, lè yo vin gran, yo genyen plis chans pou yo sèvi ak vyolans. Men nou tout genyen posibilité pou nou chwazi pa sèvi ak vyolans.
- * Moun pa gen dwa blame tifi ak fanm ki sibi vyolans.
- * Nou tout gen devwa pou nou pran pozisyon kont vyolans.

Aktivite nou rekòmande:

Pou nou ranfòse konesans ak kwayans tifi sou zafè vyolans, nou kapab sèvi ak aktivite sa yo:

- * Afich Faz 2 (Konsyantize) (gade Faz 2 paj 56). Remak: Selon diskisyon yo, sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la.
- * Ti Komik Jesika No. 1 (gade Faz 2 paj 61). Remak: Resous sa a site nan sijè Finans tou. Selon diskisyon yo, sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la.
- * Ti Komik Natali No. 1 (gade Faz 2 paj 63).

Remak: Resous sa a site nan sijè sante tifi tou. Selon diskisyon yo, sa kapab pran 2 sesyon pou tout klèb la.

- * Teyat pou konsyantize (gade Kore Tifi, paj 80).

Remak: Genyen 3 teyat tou kout pou Faz Konsyantize. Lè tifi yo aprann mete yo nan tou 2 pozisyon epi patisipe nan diskisyon sou kesyon yo, sa kapab pran 2 – 3 sesyon pou tout klèb la, selon diskisyon yo.

* Ti Pale ak Paran 5 ak 6 (gade Kore Tifi, paj 100 ak 102).

* Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Vyolans (paj 104).

Remak: Menntò yo kapab patisipe nan Ti Pale avèk Paran 5 ak 6. Apati de sa, aprann fasilité Ti Pale pou Paran ak Ptit yo: Vyolans.

* Kisa vyolans sou fanm ak tifi ye? (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 7yèm Ane, paj 19 oubyen SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org).

* Rapò ki genyen ant vyolans sou fanm ak pouvwa, kontwòl (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 7yèm Ane, paj 22).

* Kisa ki pase lè genyen vyolans? (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 7yèm Ane, paj 25 oubyen SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org).

* Kò mwen se pou mwen/ Konsantman (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 8yèm Ane, paj 41).

* SASA! Nouvo Planèt (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 8yèm Ane, paj 53 oubyen Gid Aktivis SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org nan Modil Fòmasyon pou Enfliyanse Kwayans, Faz Konsyantize).

* SASA! Kòz fondamantal (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 8yèm Ane, paj 59 oubyen Gid Aktivis SASA! pou yon vèsyon ki pi long sou repansepouvwa.org nan Modil Fòmasyon pou Enfliyanse Kwayans, Faz Konsyantize).

* Blam Viktim (gade kourikoulòm Syans Sosyal Kore Tifi 9yèm Ane, paj 76).



Kote pou nou jwenn aktivite

Tout aktivite ki site nan tèks sa a e nou pa jwenn yon kote kèlkonk nan dokiman Kore Tifi, nou kapab jwenn yo nan resous ki site pi ba a. Nou kapab telechaje yo tou apati resous ki pou tifi sou repansepouvwa.org

Haiti Adolescent Girls Network, YWCA Haiti and EMPAK. (2014). Fòmasyon sou zafè sante seksyèl pou tifi 'Espas Pa m'yo: N ap aprann konnen kò nou ak kèk konpetans pou nou jere sante seksyèl nou pi byen. Port au Prince: HAGN.

Haiti Adolescent Girls Network (HAGN), 2016. Curriculum du Programme "Espas Pa M". Port-au-Prince, Haiti. Disponib sou: www.haitigirlsnetwork.org/trainingmaterials2016


Making Cents International, Save the Children, AmeriCares, Haiti Adolescent Girls Network. (July 2011). Gid Aktivite Sou Zafè Edikasyon Finansyè Pou Ti Jèn Fi Adolesan.

Michau, L., Siebert, S. & Dessables, J.L. (2014). *SASA!* Yon Gid Aktivis pou Anpeche Vyolans sou Fanm epi VIH/SIDA. Depo Legal 11-02-088. Port-au-Prince, ki se yon adaptasyon: Raising Voices (2008). *SASA! An Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV*. Kampala: Raising Voices.


Population Council (2012) Filles Éveillées: Programme pour les adolescentes employées de maison- Guide Mentor, Disponib sou: popcouncil.org



MATERYÈL MOBILIZASYON KOMINOTÈ



AFICH FAZ 2 (KONSYANTIZE)



Menm jan ak Faz 1, Faz 2 Kore Tifi genyen yon Afich ki pèmèt nou brase lide an gwoup. Afich la genyen imaj ak kesyon ki mache ak kontni faz la. Tout manm Rezo Kore Tifi kapab sèvi ak afich yo. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk afich yo nan aktivite ak manm kominote yo, menntò kapab sèvi avèk yo nan klèb yo, pwen fokal kapab sèvi avèk yo nan lekòl.

Kijan aktivis kapab sèvi avèk Afich?

Manm Rezo Kore Tifi dwe asire genyen ase kopi Afich pou pèmèt chak moun wè imaj ki sou Afich la byen. Aktivis la ap mande pou patisipan yo gade tout imaj ki sou afich la epi pou yo chwazi youn ladan yo ki pi atire atansyon yo. Kou sa fèt, aktivis la ap poze kesyon pou brase lide ki sou do Afich la e, l ap kite patisipan yo brase lide sou kesyon yo. Li toujou pi bon si se patisipan ki bay repons pou chak kesyon; fasilitatè ki maton kapab poze lòt kesyon, kesyon fouye pou ede repons yo soti nan bouch patisipan. Aji ak jantiyès, konpòte nou tankou zanmi, epi asire nou tout patisipan santi yo alèz pou yo di sa yo kwè – menm si nou pa dakò ditou ak sa yo di!

Ki lè aktivis kominotè, pwen fokal nan lekòl ak lòt kalite aktivis kapab sèvi avèk Afich?

Aktivis ki enterese kapab sèvi avèk Afich nan reyinyon fòmèl kou enfòmèl, nan konvèsasyon ki rive sanzatann oubyen nan rankont gwoup ak òganizasyon. Nou kapab itilize Afich yo pou brase lide avèk vwazen, zanmi, paran, nan bis, nan mache, pandan n ap tann yon lòt reyinyon kòmanse, oubyen tou avèk gwoup moun nou envite pou sa. Genyen anpil opòtinite – nenpòt kote nou wè kèk moun rasanble oubyen 2 - 3 vwazen chita, nou kapab lanse yon brase lide avèk Afich!

Kisa nou kapab di sou lavi fi yo ?



1.



5.



2.



6.




3.



7.



4.



8.



9.



10.




11.

Kesyon pou brase lide

- Kisa nou wè k ap pase nan imaj sa yo ?
- Dapre nou menm, èske sa nou wè nan imaj yo konn rive nan kominote nou an ?
 - Tifi ak ti gason se timoun, epi nou toujou ka pale sou tifi lè nou pale sou pwoblèm timoun. Men, poukisa nou ta dwe pale sou eksperyans tifi pou kò l kék fwa ?
 - Tifi pral vin fam, epi nou toujou ka pale sou tifi lè nou pale sou pwoblèm fam. Men, poukisa nou ta dwe pale sou eksperyans tifi apa epi eksperyans fam apa kék fwa ?
- Poukisa dwe genyen aktivite espesyal pou tifi ?
- Ki konsekans vyołans sou tifi genyen sou tifi yo menm ?
 - Si moun rete san yo pa di anyen sou pwoblèm tifi yo genyen, ki konsekans sa genyen ?
 - Ki moun ki gen pouvwa pou yo chanje sitiyasyon tifi yo nan kominote a ?
- Ak kiyès nou kapab pale sou lavi tifi yo, epi kisa nou kapab di yo sou sa ?

KonSyantize



Nòt sou imaj pou fasilitatè

1. Blam kominote a lè yon fi vin anseant
2. Vyołans papa sou mammans /Konsekans sou pitit fi
3. Paran neglige tifi - yo pa oyante I, yo pa tandé I
4. Sa tifi restavèk sibi
5. Fè bagay an echanj favè. Sa rive lè gason mal sèvi ak pouwya yo, epi lè moun kwè se pou tifi yo degaje yo pou yo jwenn sa yo bezwen
6. Menaj fose jèn fi a fè bagay avè I, souvan menm pou premye fwa y ap fè bagay
7. Paran fi a pa bay etid li enpòtans
8. Mank libete tifi - Grammoun yo kenbe l twò kout, li pa ka grandi kòm moun
9. Mank konesans yon fi sou kò li / Moun fè fi kwè kò li se yon machandiz, epi se sèl byen li
10. Viv sou kont gason
11. Ensés (nòt: ensés se lè agresè a se fannmi moun ki sibi zak la)



TI KOMIK



Koutje sou Ti Komik Jesika ak Natali, Faz Konsyantize:

Genyen de (2) seri Ti Komik pou Faz 2, 3 ak 4 Kore Tifi avèk istwa ki evolye soti nan Faz 2, rive nan Faz 4. Nan Faz 2, n ap fè konesans avèk Jesika, Natali. Yo chak genyen pwòp Ti Komik pa yo pou dewoulman istwa pa yo.

Ti Komik yo melanje imaj ak tèks, yon fason pou tout moun nan kominote a kapab enterese. Nan fen chak Ti Komik, genyen kesyon pou brase lide. Kesyon sa yo dwe fasilitè dyalòg kominotè. Aktivis kominotè kapab sèvi avèk afich yo nan aktivite ak manm kominote yo, menntò kapab sèvi avèk yo nan klèb yo, pwen fokal kapab sèvi avèk yo nan lekòl.


Kijan aktivis kapab sèvi avèk Ti Komik Jesika ak Natali yo?

Manm Rezo Kore Tifi dwe asire genyen ase kopi Ti Komik pou pèmèt chak moun byen wè imaj yo. Aktivis la ap evalye davans kapasite lekti moun ki nan gwoup la. Li kapab mande yon (1) moun ki konn li pou li fè lekti tèks yo pou gwoup la pandan l ap montre gwoup la ki imaj ki koresponn ak pati tèks yo. Oubyen tou, si plizyè moun nan gwoup la kapab li san pwoblèm, fasilitatè a kapab mande moun sa yo pale nan non pèsonaj yo (egzanp Jesika, pwofesè, manman Jesika, elatriye). Konsa, chak patisipan ki t ap li nan non youn nan pèsonaj yo pral fè lekti chak fwa se tou pa pèsonaj pa li a. Nou kapab bezwen fè lekti Ti Komik la plis pase yon fwa, pou asire tout moun kapab istwa a.

Kou sa fèt, aktivis la ap poze kesyon pou brase lide ki nan fen Ti Komik la e, l ap kite patisipan yo brase lide sou kesyon yo. Li toujou pi bon si se patisipan ki bay repons pou chak kesyon; fasilitatè ki maton kapab poze lòt kesyon, kesyon fouye pou ede repons yo soti nan bouch patisipan. Aji ak jantiyès, konpòte nou tankou zanmi, epi asire nou tout patisipan santi yo alèz pou yo di sa yo kwè – menm si nou pa dakò ditou ak sa yo di!

Ki lè aktivis kominotè, menntò, pwen fokal nan lekòl ak lòt kalite aktivis kapab sèvi avèk Ti Komik yo?




Aktivis ki enterese kapab sèvi avèk Ti Komik yo nan reyinyon fòmèl kou enfòmèl, epi nan rankont gwoup ak òganizasyon. Nou kapab itilize Ti Komik yo pou brase lide avèk vwazen, zanmi, paran, nan bis, nan mache, pandan n ap tann yon lòt reyinyon kòmanse, oubyen tou avèk gwoup moun nou envite pou sa. Genyen anpil opòtinite – nenpòt kote nou wè kèk moun rasanble oubyen 2 - 3 vwazen chita, nou kapab lanse yon brase lide ak Ti Komik!



Istwa Jesika # 1

Konsyantize

JESIKA GEN 15 ZAN. L AP CHÈCHE WOUT LI. AN NOU SWIV SA KI PASE . . .



POU SA M GENYEN NAN TÈT MWEN LA A,
SE NAN LANMOU POU M TA YE AVÈ W !



O ! DE KI LANMOU W AP PALE A ? KISA M FÈ W ?
DEPI M FÈ PITIT POLI OU, OU PA RESPEKTE MANKÒ.



MEN TIMOLIN YO AP MOURI GRANGOU
LA A. PA GEN ANYEN NAN KAY LA ! EPI
APRE SA OU PA SALYE M TOLI !!!



TONÈ !!! OU PLENYEN
TWÖP NAN TÈT MWEN !
TWÖP POU MWEN...



MWEN KITE W AK TOUT
PAWÖL ANPIL OU YO. M
ALE !!!



OBNÈ ! OBNÈ ! SA W AP FÈ LA
CHERI ? PA KITE M CHERI !

11

12

OU WÈ BAGAY YO
VWAZEN ? LI PA T
VLE AL LEKÒL. LI
CHITA SOU KONT
GASON !

YO KWÈ KE BÈL
FANM SAN
EDIKASYON BAY
KICHÖY !



13



KISA KI FÈ M RIVE LA
A? SA PWOFESÈ A AK
MANMAN M TE FÈ M
KWÈ A, SE PA SA, NON.

14


Kesyon pou brase lide :



1. Kisa nou panse sou sa ki te rive Jesika ak Obnè ? Èske nou konn tande istwa konsa anndan kominote a ?
2. Jesika panse li fèt ak tout byen li, kidonk li pa bezwen al lekòl. Kisa ki fè li panse sa ?
3. Ki konsekans pawòl moun tankou pwofesè li, ak manman li, genyen sou li ?
4. Gen anpil moun ki panse fi pa oblige al lekòl, oubyen al aprann yon metye yo di tifi yo fèt ak tout byen yo. Dapre nou menm, ki konsekans kwayans sa a genyen nan yon kominote ?
5. Èske jèn fi se sèlman sou kò l li ka konte ? Bay egzanz lòt fòs jèn fi ka genyen.
6. Lè Obnè bat Jesika, epi li abandone fwaye a, anpil moun koumanse fè tripotay sou Jesika. Èske sa te ede li nan sitiyasyon li te ye a ? Kisa yo te ka di li pito pou ede li ? Kisa pwofesè a te ka di li ? E manman li ?
7. Ki lesyon nou tire anndan ti komik sa a ?





PANDAN SE TAN, OSKA KI PI GRAN PASE NATALI LONTAN, RENMEN AN KACHÈT AVÈK LI, MALGRE NATALI GENYEN 1/2 AN SÈLMAN. OSKA BALI TI ATANSYON LI PA ABITYE JWENN NAN KOMINOTE A ...





KOMINOTE A FÈ ANPIL REFLEKSYON AK DYALÒG, EPI TOUT MOLIN KOLIMANSE WÈ, TOU SA KI RIVE A, SE PASKE YO PA T BAY NATALI ASE ATANSYON, EPI YO PA T KOUTE LI BYEN. YO REGRÈT...

Kesyon pou brase lide :

1. Nan tout sa ki rive Natali jiskaprezan, ki enjistis li sibi ? E ki kalte vyolans li sibi ?
2. Natali pa t genyen anpil pouvwa nan istwa sa a. Kiyès ki te genyen pouvwa pou chanje sitiyasyon li ?
3. Ki avni Natali ? Poukisa ?
4. Ki devwa paran yo ak lekòl yo genyen pou aprann tifi yo pi plis sou kò yo ? Ki konsekans mank konesans sa a genyen ?

5. Lè nou bay ti gason plis privilèj anndan kay la, oswa anndan lekòl yo, ki konsekans sa genyen sou tifi ?
6. Èske sa ki rive Natali kapab rive anpil lòt jèn fi nan kominote a tou ? Si wi, poukisa ? Si non, poukisa ?
7. Ki wòl paran Natali ak kominote a ta dwe jwe nan ankadreman li ? Ki wòl vwazinaj la te ka jwe pou l pa tonbe nan sitiyasyon an ? Ki wòl lapolis ? Lekòl ? Legliz ? E lòt moun nan kominote a ?
8. Ki lesyon nou tire nan ti komik sa a ?

TI KOZE SOU LASANTE FAZ 2 (KONSYANTIZE)



Ki lè pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:

Ou kapab lanse ti koze sa yo lè w ap konsilte yon pasyan, oswa nan sal datant yon sant sante, oubyen tou lè genyen pwogram edikasyon k ap fèt nan kominate a.

Kijan pou pèsonèl lasante sèvi ak Ti Koze sou Lasante:

Lè w ap konsilte yon pasyan, ou pa oblige fè tout ti koze a nèt, yon sèl kou, men lè ou wè gen bezwen pou sa, ou kapab pataje kèk nan enfòmasyon enpòtan ki nan bwochi sa a. Genyen bezwen pou ti koze a lè ou jije yon pasyan kapab ap fè fas ak youn nan pwoblèm ki trete nan ti koze a. Ti koze sa yo kapab fèt ak yon sèl moun, oswa ak yon ti gwoup moun. Li enpòtan pou jèn fi jwenn enfòmasyon sa yo. E li enpòtan pou moun ki nan antouraj jèn fi yo genyen enfòmasyon sa yo tou pou yo kapab pale ak jèn fi yo, e ede yo pou yo ka rete an sante. Lè jèn fi nan kominate a djanm, sa pèmèt kominate a vin pi djanm.



Ti koze sou lasante #1 :

Lide pou kenbe nan tèt: Gen gwo konsekans lè fi kòmanse fè bagay twò bonè

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou konsekans ki genyen lè fi kòmanse fè bagay twò bonè. Anpil moun kwè, depi kò yon jèn fi devlope tankou yon fanm, li pare pou li fè bagay, men se pa vre. Anpil tifi oubyen jèn fi ki fè bagay bonè, se fòse yo fòse yo, oswa se anba presyon. Dapre ankèt ki fèt ann Ayiti, sou chak 5 tifi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye eksperyans li nan fè bagay. Epi nan gwoup tifi sa yo ki te antre nan fè bagay nan fòse, sou chak 3 tifi, genyen 2 ladan yo se menaj yo ki te fè sa.¹

Se kadejak lè yo fòse yon fi, oswa yo mete presyon sou li pou li fè bagay, e sa genyen anpil konsekans grav sou sante ak lavi fi a, kèlkanswa moun ki fè l la.

Menm si se pa nan fòse, gen gwo konsekans lè fi kòmanse fè bagay twò bonè. An nou pale sou sa.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animate/ animatris Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Apati de ki laj li twò bonè pou moun fè bagay?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Anvan yo rive 18an, kò ak mantalite ni fi ni gason poco fin fòme nèt, menm si yo sanble yo fin fòme lè ou gade yo. Lè konsa, si yo fè bagay, sa kapab genyen konsekans sou sante yo, nan kò yo, sikolojikman ak emosyonèlman.
- Menm apre 18an, selon kondisyon kò ak lespri yo, moun gen dwa poco pare pou yo fè bagay. Bon kondisyon bezwen reyini pou yon moun deside fè bagay.

2

• Ki konsekans ki kapab genyen lè fi kòmanse fè bagay twò bonè?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Fè pitit san li pa pare.
- Trape enfeksyon moun pran nan fè bagay.

¹ Bott S, Guedes A, Goodwin M, Mendoza JA (2012) Violence Against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.

- Blese anndan vajen li, ak lòt kote nan kò li.
- Danje pou li fè kansè nan kòl matris li, sitou si li genyen plizyè moun li fè bagay ak yo². Si yon tifi poko gen matirite pou l'veye sante li byen, li ka pa ka wè siy ki mache ak kansè.
- Danje pou li devlope yon fistil. Se lè po anndan vajen an pèse, epi li ouvè sou vesi a, oswa sou gwo entesten an. Sa ap kreye gwo danje pou nenpòt gwo sès li ta vle genyen annapre³. E fistil la ka mennen lannò.
- Yon moun ki twò jèn pou l'fè bagay poko fin konnen tout sa ki kapab vini dèyè, ni konprann kijan sa pral afekte lavi li. Se rès lavi li ki kapab baskile.
- Menm si yon jèn fi ki poko genyen 18 tan ta santi li pare pou li fè pitit, anndan kò li gen dwa poko fin fòme nèt pou sa. Lè sa a, gwo sès la kapab danjere ni pou li, ni pou pitit la.
- *Raple sjè a : Gen gwo konsekans lè fi kòmanse fè bagay twò bone.*

3. Lè fi yo tann pou yo gen plis matirite pou yo fè bagay, poukisa sa a nan avantaj tout moun?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Jèn fi yo evite gwo danje pou lavi yo ak sante yo.
- Genyen plis moun nan kominate a ki an bòn sante.
- Genyen plis jèn fi ki kontinye ale lekòl konsa yo kapab ede tèt yo, fanmi yo, epi kontribye nan ekonomi peyi a.
- Gason yo jwenn avantaj paske lè yo fè bagay se ak yon moun ki 100% dakò, epi yo gen chans pou bon kondisyon reyini, ki ede gason yo tou kenbe tèt yo an sante.
- Timoun yo jwenn avantaj paske yo fèt ak paran ki gran ase pou pran responsabilite yo, pran swen yo, oryante yo, epi ede yo grandi.
- Se yon dwa tout moun genyen – ni fi ni gason – pou yo refize fè bagay lè yo pa vle. Lè nou tout jwi dwa nou yo epi tout moun kapab viv ak plis kè kontan.

Denyè mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?

2 John Forliti epi lòt, *Values & Choices: Human Sexuality, The Teacher's Manual*, edisyon revize (Minneapolis: Search Institute, 1991), 119.
 3 <http://www.endfistula.org>



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre



Ti koze sou lasante #2 :

Lide pou kenbe nan tèt: Mank pouvwa jèn fi nan kominate a mete yo plis an danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou rezon jèn fi genyen plis danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason nan menm laj ak yo. Ann Ayiti, jèn fi ki genyen ant 15 ak 24tran daj genyen 2 fwa plis chans pou yo trape VIH/SIDA pase gason ki nan menm laj avèk yo¹. Li enpòtan pou nou konprann rezon ki fè sa, yon fason pou nou pa repwoche jèn fi yo. Pa konprann rezon sa yo t ap yon gwo erè. Sa a t ap anpeche nou wè, epi trete kòz fondamantal pwoblèm nan. Lè nou konprann poukisa danje VIH/SIDA ak lòt enfeksyon moun pran nan fè bagay pi gran pou tifi pase pou ti gason, sa ka pèmèt nou chak konnen sa pou nou fè pou nou evite gwo malè pandye sou kominate nou. Tifi an sante rann yon kominate pi an sante.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè / animatrìs Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Poukisa se jèn fi ki plis an danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Genyen kèk diferans fizik ki fè jèn fi pi fasil pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason, tankou sifas po anndan vajen an pi gran pase sifas po ki kouvri peni a, epi genyen enfeksyon moun pran nan fè bagay ki pa montre sentòm sou fanm.
- Pi fò rezon ki fè jèn fi gen plis danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason se fason sosyete a konstwi, kidonk nou kapab chanje sa a.² Genyen anpil kondisyon tifi yo viv ki ogmante danje pou yo trape VIH/SIDA, tankou:
- Lè tifi fè bagay anvan kò yo fin fòme nèt.
- Lè fi marye bonè sa a mete l an danje. Anpil fwa, lè yon jèn tifi marye ak yon gason ki pi gran pase l lontan, gason an gen tan fè eksperyans fè bagay déjà. Lè sa a, gen risk pou li gen tan trape VIH/SIDA, oswa yon lòt maladi. Sa a mete jèn tifi a an risk.
- Lè fi yo pa gen ase mwayen pou yo viv. Granmoun gason ap ofri yo lajan oswa favè pou fè bagay.
- Lè se fòse yo fòse fi a fè bagay. Kadejak ak lòt vyolans seksyèl ogmante danje pou fi trape VIH/SIDA. Dapre ankèt ki fèt ann Ayiti, sou chak 5 fi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye eksperyans li nan fè bagay.

1 USAID. (2010). Haiti HIV/AIDS Health Profile. Retrieved on May 7, 2012 at http://www.usaid.gov/our_work/global_health/aids/Countries/lac/haiti.pdf

2 Anpil nan rezon yo adapte soti nan: Michau, L. (2009). SASA!:Activist Kit for Preventing Violence against Women and HIV. Kampala: Raising Voices.

- Lè fi yo pè pou yo chèche konesans sou kò yo, sou pati entim yo, sou sa ki gen rapò ak fè bagay, oswa ak fè pitit. Yo kapab pè moun ap pale yo mal, oswa pè pou yo pa sibi vyolans pou sa.
- Dominasyon, presyon ak òf lajan menaj. Menaj ki domine yo ka fè fi fè bagay san yo pa pare, e fè yo pa gen kontwòl sou kò yo.
- Lè menaj oswa mari tifi ak jèn fi yo pa rete fidèl ak yo. Nan pi fò kominate, moun konsidere li nòmal pou yon gason genyen plizyè fanm, men yo pa konsidere lòt fanm genyen plizyè gason. Menm lè yon jèn fi rete fidèl ak menaj li, oswa mari li, gason an kapab genyen lòt fanm. Kidonk, sa ogmante danje pou fi sa a trape VIH/SIDA kanmenm, malgre li rete fidèl.

2. Poukisa li enpòtan pou nou ede tifi yo jwenn pouvwa yo pou nou diminye danje yo genyen pou yo trape VIH/SIDA?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Fi yo pa gen pouvwa pou yo deside sa ki pi bon pou sante ak byennèt yo. Yo pa kapab di non yo pa vle fè bagay. Menaj yo pa rete fidèl menm si yo menm yo rete fidèl. Fi yo pa gen enfòmasyon ni pouvwa pou yo sèvi ak kapòt.
- Lè nou vin konprann poukisa fi pi an danje pase jèn gason pou yo trape VIH/SIDA, sa pèmèt nou pa repwoche jèn fi. Kore jèn fi yo pou yo jwenn pouvwa ak kontwòl sou kò yo. Ede yo jwenn enfòmasyon pou yo kapab viv an sante san gwo danje pou yo trape VIH/SIDA.
- Rapple sijè a : Mank pouvwa jèn fi nan kominate a mete yo plis an danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason.

Denyè mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?



Ti koze sou lasante #3 :

Lide pou kenbe nan tèt: Mete w alèz ak kò w, genyen konfyans nan tèt ou.

Entwodiksyon: Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou jèn fi ak jèn gason alèz ak kò yo, epi pou yo gen konfyans nan tèt yo. Pandan ak lè jèn fi yo fin fòme, yo konn pa alèz ak kò yo, e yo enkyete pou sa. Sa konn rive gason tou, men an jeneral, sosyete a mete plis presyon sou jèn fi nan fè yo kwè se bèlete kò yo sèlman ki enpòtan nan lavi yo. Sa konn fè jèn fi rayi kò yo, oswa tonbe fè yon seri de bagay ki pa bon pou kò yo, e ki ka menm danjere pou yo, nan eseye parèt bèle nan je lòt moun. Li enpòtan pou nou ede jèn fi pran konsyans sou tout sa yo ye, e tout sa yo genyen antanke jèn fi e antanke moun, ki ale pi lwen lontan pase bèlete kò yo sèlman. Konsa pou yo santi yo alèz ak kò yo jan li ye a, epi pou yo genyen konfyans nan tèt yo. Lè jèn fi nan kominote a santi yo byen nan po kò yo, sa pèmèt kominote a pi djanm.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a:

Nòt pou animatè/ animatrìs Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun k ap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1

• Ki konsekans sa kapab genyen lè moun nan kominote a ap mete aksan sou bèlete jèn fi sèlman?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Jèn fi konn neglige lòt bagay enpòtan nan lavi yo, tankou lekòl, zanmi, ak talan yo genyen.
- Jèn fi yo konn fè depresyon menm, si tèlman yo santi yo pa alèz ak aparans kò yo. Yo pa renmen jan yo fêt, e yo vle chanje kò yo.
- Jèn fi kapab sèvi ak pwodui ki danjere pou sante yo, nan eseye sanble ak sa sosyete a konsidere kòm bèlete.
- Jèn fi konn santi gwo boulvès, estrès, oswa fè move san anpil, akòz yo kwè tout valè yo chita nan bèlete yo sèlman, e yo pa wè tèt yo bél.

2

• Kisa jèn fi konn eseye fè pou parèt pi bèle nan je lòt moun, ki pa bon pou sante yo?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Pwodui tankou krèm, ki pou fè po a vin pi klè, yo konn pa bon pou po a. Anpil nan yo fè po a vin fen, yo grata, oswa yo kite mak. Genyen jèn fi ki menm sèvi ak pwodui chimik ki ka bay kansè nan san (tankou lesemi), nan fwa, nan ren, epi yo ka kreye lòt pwoblèm grav nan po yo tou.

- Genyen pwodui ki fè moun megri, oswa gwosi yon jan ki pa natirèl pou kò a. Pwodui sa yo konn danjere pou sante moun nan tou. Pou yon moun kenbe gwochè nòmal ki bon pou li a, li bezwen manje manje ki bon pou kò a, epi fè espò, oswa fè kò a travay. Kò chak moun diferan. Tout moun pa sanse genyen menm gwochè, ni sanble menm jan.

3. Ki lòt bagay nou kapab di yon jèn fi pou ede l kwè nan tèt li?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Li enpòtan pou tout moun nan kominate a ankouraje e ede tifi ak jèn fi renmen tèt yo, kèlkanswa aparans fizik yo.
- Bèlte chita nan jan moun konpòte tèt yo, li pa chita nan aparans fizik sèlman.
- Tout kalte aparans genyen bèlte ladan yo, kit se po nwa oswa po klè, cheve gress oswa cheve fen, kò gra oswa kò mèg. Chak moun te kreye ak yon kò diferan, men tout moun se moun, e tout moun merite menm respè. Sa ki enpòtan, se kenbe yon bon sante.
- Bèlte fizik se pa tout bagay – genyen moun ki fò nan fè zanmi, gen lòt ki gen lòt talan ki kapab ede kominate a anpil.
- Raple sijè a : Mete w alèz ak kò w, genyen konfyans nan tèt ou.

Denyè mo pou fèmen deba a: Mèsi pou ti koze nou te fè sou lasante. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a?

LIDE POU ATIK OSWA REPÒTAJ



Koutje sou Lide pou Atik oswa Repòtaj Faz Konsyantize:

Jounalis, animatris/animatè radio, direktè medya ak lòt pèsonèl ki travay nan medya (radyo, jounal ak televizyon) genyen anpil pouvwa nan fasilitè chanjman konesans ak kwayans kominote a.

Laprès ak medya yo an jeneral toujou ap chèche fè repòtaj sou sijè ki enpòtan pou kominote a. Men anpil fwa, yo bezwen lide ki kapab inspire yo pale pi plis sou vyalans sou tifi ak fanm, plis lòt tèm ki gen rapò ak pouvwa tifi.

Chak Faz sa yo (Konsyantize, Sipò ak Aksyon) nan Kore Tifi genyen twa (3) Lide pou Atik oswa Repòtaj, ak tèm ki apwopriye pou chak faz. Chak Lide pou Atik oswa Repòtaj genyen enfòmasyon ak done estatistik, epi lide sou kalte moun ki kapab enteresan pou jounalis fè entèvyou.

Kijan Ekip Kore Tifi kapab prezante Lide pou Atik ak Repòtaj yo bay jounalis ak lòt pèsonèl medya?

Ekip Kore Tifi kapab entegre pèsonèl medya nan gwoup aksyon kominotè, oubyen nan kèk ka kom aktivis kominotè. Li posib tou pou ekip la al vizite epi devlope relasyon ak pèsonèl medya yo. Anndan rankont, fòmasyon oubyen lòt opòtinite, Ekip Kore Tifi kapab pataje Lide pou Atik oswa Repòtaj avèk pèsonèl medya yo. Pou enterese plis jounalis toujou, Ekip la kapab òganize konkou repòtaj epi ofri prim pou jounalis ki remèt pi bon travay.

Ki lè epi kijan jounalis ak lòt pèsonèl medya kapab sèvi avèk Lide pou Atik ak Repòtaj yo?

Nan Faz Konsyantize, li kapab enpòtan pou nou ede jounalis, animatè ak lòt pèsonèl medya reflechi sou fason yo kapab sèvi avèk zouti sa yo. Yon manm Ekip kapab fè similasyon sou yon repòtaj avèk yo nan yon rankont, yon fòmasyon; oubyen li kapab ede yo ekri/revize bouyon yon premye atik sou yon Lide ki enterese yo. Ekip la kapab ede yo jwenn moun pou yo fè entèvyou tou, yon fason pou yo derape. Ofiramezi l ap pi fasil pou jounalis reflechi sou pwòp lide pa yo, epi swiv gid Lide pou Atik ak Repòtaj yo.



Lide № 1 pou Atik oswa Repòtaj pou konsyantizasyon

Poukisa li enpòtan pou nou mete aksan sou tifi – èske nou p ap neglige ti gason ?

Anpil moun kwè timoun se youn nan gwoup ki merite anpil pwoteksyon akòz yo manke pouvwa. Anfèt se yon gwo verite paske timoun sibi anpil abi akòz mank pouvwa sa a. Men san nou pa neglige ankadre okenn timoun, èske li bon pou nou mete aksan sou fason pou nou ankadre tifi ? Èske li bon pou nou fè tifi fè kèk rankont ak eksperyans apa, san prezans ti gason ? Pou plizyè rezon, sa enpòtan e sa gen avantaj pou tout kominote a. Men poukisa :

Lè nou gade jan sosyete a konstwi, tifi ak jèn fi pa gen anpil pouvwa. Jèn fi ak tifi nan peyi a sibi anpil kadejak.¹ Epitou, sou chak 5 fi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye eksperyans li nan fè bagay—sa vle di li pa te dakò ditou.² Nan lemonn, tifi jwenn avantaj pou mwens pase 2 santim nan chak dola ameriken ki bay pou èd entènasyonal.³ Anpil fwa, paran yo mete mwens aksan sou etid tifi pase etid ti gason. Paran konn kenbe tifi pi kout pase ti gason pou yo pa tonbe nan mera. Men, kenbe yo kout, sa pa ofri tifi lopotinite tou pou yo jwenn konfyans nan tèt yo menm jan ak ti gason.

Sa vle di bezwen tifi pa menm ak bezwen lòt moun. Tifi bezwen espas pa yo pou yo ka santi yo an sekirite. Se pa tout fwa yo oblje reyini ak ti gason. Gen de sijè, tifi bezwen pou kont yo pou yo ka pale sou yo san yo pa jennen, epi aprann youn de lòt. Sa vle di tifi yo bezwen lòt fi ki pi gran pase yo ki pou gide yo e sèvi yo kòm mòdèl tou. Konsa y ap byen grandi e y ap pran responsabilite yo kòm sa dwa lè yo gran.

Si pa gen atansyon espesyal ki mete sou tifi yo pou ede yo jwenn pouvwa yo, men kèk pwoblèm sosyete a ap toujou konfwonte :

Fanm ki pa ka travay pou fè lajan paske yo pa an sante oubyen yo pa konn li -plis lamizè -plis vyolans -fanm ki trape VIH/SIDA e ki transmèt pitit yo viris la - anpil tifi ki manman - tifi ki twò jèn ki mouri nan fè pitit - pratik rèstavèk k ap kontinye. An gwo, yon peyi ki pa mete aksan sou tifi se yon peyi soudevlope.

Lè nou gade avantaj ankadreman tifi ka bay e lè nou gade konsekans sa ka genyen si nou pa teni kont de bezwen espesifik tifi yo genyen, nou wè li enpòtan pou nou bay tifi yo yon atansyon espesyal. Si nou bezwen yon chanjman pozitif fèt kote fanm ak tifi kapab viv nan diyite epi peyi a devlope, li endispensab pou nou mete aksan sou tifi. Tifi gen dwa pou yo viv an sante, ak kè kontan—epi nou menm, nou gen devwa pou ede yo dekouvri pouvwa yo !

1 Kolbe, A. and R. Hutson, Human rights abuse and other criminal violations in Port-au-Prince, Haiti: a random survey of households. Lancet, 2006

2 Bott S, Guedes A, Goodwin M, Mendoza JA (2012.) Violence Against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.

3 Girl Effect. www.girleffect.org

Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak reskonsab oubyen kèk lidè anndan yon klèb tifi. Poze yo kesyon sou enpòtans klèb tifi a pou yo, san prezans ti gason.
- Entèvyou ak otorite leta tankou Byennèt sosyal, Ministè Edikasyon Nasional. Poze yo kesyon sou eksperyans pa yo ak tifi nan peyi a, epi enpòtans dapre yo menm pou ankadre timoun, epi bay tifi ankadreman espesyal.
- Entèvyou ak responsab òganizasyon kominotè k ap travay ak timoun epi ak òganizasyon fanm. Poze yo kesyon sou kijan yo mete aksan sou tifi, menm si yo travay ak fanm ak tifi an jeneral oubyen timoun an jeneral.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre



Lide № 2 pou Atik oswa Repòtaj pou konsyantizasyon

Fi an sante fè kominate an sante, men jèn fi genyen de (2) fwa plis chans pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason. Poukisa?

Si fi pa an sante, kominate a pa an sante. Men ann Ayiti, jèn fi ki genyen soti 15 rive 24 lane genyen 2 fwa plis chans pou yo trape VIH/SIDA pase gason ki nan menm laj avèk yo.¹ Poukisa jèn fi yo an danje konsa? Pi gwo rezon ki fè jèn fi pi an danje pou yo trape VIH/SIDA pase jèn gason, se paske yo manke pouvwa nan kominate a. Li nòmal pou chak moun sou latè pwoteje tèt li, men si yo manke pouvwa pou yo fè sa, sa k ap pase ?

Men kèk egzanp mank pouvwa jèn fi yo ki mete yo nan plis risk pou yo trape VIH/SIDA:

1. Mank edikasyon seksyèl, pè move non: Jèn fi yo konn pè pou yo chèche konesans sou kò yo, oswa sou sa ki gen rapò ak fè bagay, fè pitit, paske yo pè moun ap pale yo mal, oswa yo ka menm sibi vvolans pou sa. Lè pa gen edikasyon seksyèl ki fêt nan fanmi oubyen nan lekòl, mank konesans sa a kapab mete jèn fi nan yon move pozisyon. Se pa enfòmasyon sou fè bagay ki fè moun anvi fè bagay - men enfòmasyon sa yo kapab yon zouti nan men jèn fi yo pou yo fè bon chwa nan lavi yo.
2. Fè bagay ann echanj lajan oswa favè: Jèn fi yo, akòz sitiyasyon ekonomik yo ak mank edikasyon seksyèl, pi fasil rantre nan relasyon ak moun ki pi gran pase yo. Anpil fwa tou, paran yo mete presyon pou fi yo degaje yo pote kòb nan kay la. Men, yo twò jèn toujou pou yo genyen lòt fason pou yo rantre kòb, epi sa a pa antre nan reskonsabilite yo tou. Granmoun sa yo ki fè bagay ak jèn fi yo kapab enfekte. E granmoun sa yo genyen yon pouvwa sou jèn fi yo ki fè jèn fi yo pa ka negosye relasyon yo, tankou mete kapòt.
3. Kadejak ak lòt vvolans seksyèl: Yon lòt faktè ankò se vvolans seksyèl, oubyen lè gason fòse jèn fi fè bagay. Nan yon kadejak, pi souvan, yo pa sèvi ak kapòt. Si kadejakè a te genyen viris la, jèn fi a riske pou li enfekte. Dapre ankèt ki fêt ann Ayiti, sou chak 5 fi, genyen youn se nan fòse li te genyen premye eksperyans li nan fè bagay.² Bagay sa a gen gwo konsekans, VIH/SIDA se sèlman youn ladan yo.
4. Mank pouvwa nan relasyon entim yo: Menm lè fi a dakò pou l fè bagay ak menaj li oubyen mari li, si mesye a gen pouvwa sou li, fi a pa ka mete kondisyon pa l nan fè bagay. Li pa ka pwoteje tèt li. Li pa ka menm di non si li konnen gason an genyen lòt fanm. Kidonk, sa ogmante danje pou fi sa a trape VIH/SIDA kanmenm, menm si li menm li rete fidèl.
5. Sitiyasyon sa a bay yon kominate ki pa an sante e ki pa ka devlope. Se pa sèlman VIH/SIDA ki konsekans mank pouvwa jèn fi. Genyen anpil lòt konsekans. Epi jèn fi kapab yon gwo fòs. Jenès se yon peryòd pou yon moun devlope tèt li, pou li dekouvri talan li, pou l etidye, pou li kapab kontribye nan peyi a demen. Gen rechèch ki fèt ki montre konsekans ekonomik sou yon peyi lè yo pa ankadre tifi ak jèn fi.

1 USAID. (2010). Haiti HIV/AIDS Health Profile. Retrieved on May 7, 2012 at http://www.usaid.gov/our_work/global_health/aids/Countries/lac/haiti.pdf

2. Bott S, Guedes A, Goodwin M, Mendoza JA (2012) Violence Against Women in Latin America and the Caribbean: A comparative analysis of population-based data from 12 countries. Washington, DC: Pan American Health Organization, p. 74-75.

Sijesyon pou entèvyou :

- Entèvyou ak reskonsab oubyen kèk lidè anndan yon klèb tifi sou fenomèn ki fè jèn fi yo gen risk pou trape VIH/SIDA. Poze yo kesyon sou sa yo konnen sou VIH/SIDA, sou jèn fi yo konnen k ap viv ak VIH/SIDA, epi kijan yo te trape I. Mande yo kijan, dapre yo menm, mank pouvwa tifi genyen ka mete tifi sa yo pi an danje pou yo trape VIH/SIDA. Mande yo kijan klèb tifi ka ede tifi yo gen plis pouvwa epi ede yo viv an sante.
- Entèvyou ak divès kalte tifi ak jèn fi pou pale sou eksperyans yo nan lavi. Poze yo kesyon sou pouvwa yo panse tifi genyen pou refize fè bagay epi pou jwenn enfòmasyon sou kò yo. Poze yo kesyon tou sou VIH/SIDA ak lòt maladi, epi kijan moun trape yo.
- Entèvyou ak Ministè Lasante, òganizasyon pwoteksyon timoun, òganizasyon ki travay nan lasante pou jèn fi, òganizasyon ki la pou konbat VIH/SIDA ki konn travay ak jèn fi, oubyen òganizasyon fanm ki travay sou eksperyans tifi ak jèn fi ak vyolans nan peyi a. Poze yo kesyon sou poukisa nou di «si fi pa an sante, komi-note a pa an sante». Mande kisa y ap fè nan travay yo pou ede tifi jwenn pouvwa nan yon sans ki ka pèmet yo pa pran VIH/SIDA oubyen lòt maladi.



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre



Lide № 3 pou Atik oswa Repòtaj pou konsyantizasyon

Pouvwa paran yo genyen kòm modèl pou tifi ak ti gason.

Paran se premye modèl yon timoun genyen, sa vle di gason nan fanmi an se modèl pou ti gason yo, se li y ap swiv. Jan li aji ak madanm li oubyen ak lòt fanm, anpil fwa se konsa ti gason an pral aji ak tifi nan kay la ak tout lòt tifi li rankontre epi ak madanm li lè li gran. Konsa tou fanm nan se modèl pou tifi nan kay la. Epi ni tifi ni ti gason ap gade kijan relasyon an ye ant manman yo ak papa yo, oubyen ant manman yo ak lòt gason ki nan kay la.

Jan pwovèb la di, « Timoun jodi, granmoun demen. » Lè yon tifi wè papa l ap bat manman l, oubyen fè lòt kalte vyolans sou li, tifi sa a ap aprann vyolans se yon bagay ki nòmal. Li pi fasil pou l grandi epi randre nan yon kalte relasyon konsa. Se menm jan tou pou yon ti gason. Li se yon kamera k ap anrejistre tout bagay, pa egzanp, si papa li abandone kay la, gen plizyè fanm, pale san respè ak manman l oubyen rele sou li, oubyen mete gwo kontwòl sou lajan fanmi an, se menm sa a li pral fè. Sa yo viv lè yo piti, anpil fwa, se sa yo reprodui. Konsa lòt moun nan kominote a gen gwo wòl nan montre yon bon chimen tou, men nou pa ka neglije wòl paran yo.

Vyolans genyen yon pakèt konsekans sou tout fanmi an ak kominote a. Timoun sa a gen plis chans pou l pa reyisi lekòl, pou l malad, epi pou l vin delenkan demen.

Men, gen espwa. Nou konnen si paran trase bon egzanp, timoun yo wè sa tou. Y ap wè si papa yo, tonton yo oubyen yon lidè nan kominote a aji ak famm yon lòt jan. Tout paran timoun gen gwo pouvwa pou ede yo swiv yon lòt tandans. Paran yo kapab pale ak timoun yo epi tandem. Yo kapab aprann yo kijan yo kapab pataje pouvwa yo pou pran desizyon ak tach yo ansanm ak lòt moun, egalego. Konsa y ap genyen kapasite sa yo lè yo fè fwaye yo pi devan. Paran yo kapab viv ak respè youn pou lòt, epi ak respè pou tout moun nan kominote a.

Sijesyon pou entèvyou:

- Entèvyou ak paran k ap balanse pouvwa nan koup yo epi nan kominote a. Poze yo kesyon sou relasyon koup yo oubyen relasyon nan fwaye yo. Mande yo ki egzanp yo ka bay sou avantaj ekilib pouvwa egalego genyen, epi kisa yo fè pou rezoud pwoblèm nan fwaye a san yo pa mal sèvi ak pouvwa yo. Asire ou pale ak tou 2 moun nan koup yo.
- Óganizasyon ki travay ak timoun oubyen sou vyolans nan koup. Poze yo kesyon sou enpòtans pou paran yo trase bon egzanp pou sèk vyolans lan pa kontinye pi devan. Mande yo ki travay konkrè yo fè nan kominote a pou ankouraje paran yo trase bon egzanp nan koup, san vyolans, pou timoun yo kapab swiv lè yo gran.
- Entèvyou ak moun ki kapab bay temwayaj sou lè yo te timoun epi yo te temwen vyolans ant papa ak manman yo lakay yo. Poze yo kesyon sou eksperyans pa yo lè yo te timoun, epi ki konsekans vyolans yo te wè te genyen sou yo menm ak sou frè ak sè yo. Mande yo kijan yo ta renmen chanje modèl sa a nan fwaye pa yo.

NB : Li pa pridan pou mande yon moun ki toujou nan ap viv vyolans vin nan entèvyou pou pale sou sa paske sa ka mete l plis an danje.



TEYAT FAZ 2 KONSYANTIZE

Teyat kominotè se yon gwo zouti pou chanjman sosyal. Travay ak aktè ki nan lokalite a ki konsyantize sou pwoblèm nan deja. Aktivis kapab jwe wòl yo, oubyen manm klèb tifi, oubyen lòt gwoup teyat ki deja fòme. Asire fi jwe wòl fi epi gason jwe wòl gason pou pèmèt vrè lide yo pase pi byen. Chak faz (1 - Konsyantize, 2 - Sipò ak 3 - Aksyon) genyen 3 teyat kominotè ki gen rapò ak sa ki devlope nan faz la. Chak sèn gen kesyon pou brase lide ki mache ak sèn nan. Apre aktè yo jwe, animatè a kapab pote moun reflechi, troke lide sou sa yo panse, sou sa yo te wè. Konsa, pyès yo vin tounen eksperyans ki rich ak anpil echanj.

Teyat nan Kore Tifi yo kout, epi yo pa gen anpil sèn. Se pou pwofite okazyon pi kout, ak aktè ki ka gen mwens eksperyans. Pandan yon gwoup moun ap tann yon lòt rankont koumanse, yo te ka jwe yon teyat, oubyen apre yon mès oubyen yon sèvis fini, oubyen nan rekreyasyon lekòl, elatriye. Si gen yon gwoup teyat fòmel, epi nou vle mobilize moun sèlman pou asiste teyat, aktè yo ansanm ak Ekip Kore Tifi kapab lonje replik yo pou fè sèn yo pi long.

Kèk ti konsèy pou preparasyon sèn teyat yo:


- ✖ Nan chak sèn, eseye fè soti lide ki nan istwa a ak èd-memwa a atravè dyalòg ak aksyon karaktè yo.
- ✖ Kapab gen moman nan teyat la ki komik, men eseye travay ak aktè yo pou moun pa anvi ri vyolans oubyen minimize konsekans li.
- ✖ Swiv lòd istwa a, san nou pa devye twòp, ni nou pa pase twòp tan sou yon pati ladan li, pou nou kapab kouvri tout pati yo nan tan ki endike a.
- ✖ Asire nou piblik la byen tandem, epi li byen konprann sa nou vle fè pase a.
- ✖ Lè sa pi fasil, fè animatè a pale ak piblik la pou ede moun konprann sèn nan, pa egzanp pou yo konnen kiyès karaktè yo ye.
- ✖ Respekte tan ki mete pou prepare e pou jwe sèn yo.
- ✖ Antre nan po karaktè yo, epi fè kreyativite nou mache!!



Faz Konsyantize - Teyat No. 1

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:

Tifi bezwen tan pou yo jwe ak ti zanmi yo menm jan ak ti gason.



Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou publik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou animatè a kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo

Mari	Se yon tifi	Li gen 10zan. Li se ptit Silya.
Silya	Se yon fi	Li se manman Mari ak Pouchon.
Pouchon	Se yon ti gason	Li se ptit gason Silya, li gen 8tan. L ap viv nan kay la.
Tati Ima	Se yon fi	Se gran sè Silya, matant Mari ak Pouchon. L ap vizite pandan kèk jou nan kay la.

Istwa:

Silya ak Mari sou sèn nan. Tati Ima sou sèn nan tou, men li chita yon ti jan apa, l ap fè pye li. Mari ap ede manman li, Silya, fè manje. Silya tou pwofite esplike Mari pou li byen aprann fè tout sa yo konn di ki travay fanm nan yon kay. E lè li gran li genyen yon nèg, li dwe fè tout travay sa yo byen pou mouche gason an pa repwoche li. An plis sa, li dwe obeyi gason an paske se konsa sa ye: gason se chèf fanm. Se lè yon fanm rekonèt sa, gason an trete li byen e lòt moun respekte fanm nan.

Tati Ima ap koute. Li fè min ak figi li lè Silya ap pale, men li pa di anyen. L ap suiv sitiyasyon an.

Pouchon parèt ak boul li nan men li e li mande pou mayo foutbòl li san yon ti jantiyès. Silya mande Mari si mayo a te déjà lave e Mari reponn, mayo a te lave/pase e li di kote li ye. Pouchon vire san di mèsi.

Mari antre nan yon dyalòg ak Silya. Mari esplike li bezwen kapab al jwe ak zanmi li tou menm jan ak Pouchon ki pi piti pase li. Silya fè Mari konnen se tifi li ye, an plis de sa pa manke travay ki pou fèt nan kay la.

Tati Ima vire pale ak Silya. Li di Silya: ou pale menm jan manman nou te konn pale lè nou te timoun. Li mande Silya: "Èske ou kwè nan mòd bagay sa yo toujou? Mezanmi, ou vle pou ptit fi w la pase nan menm soufrans manman m te fè nou pase yo?" Silya sezi, men l ap reflechi. Tati Ima mande Silya ede l

mete sandal li pou li pa deranje kitèks li fèk pase sou zong pye li yo, epi yo soti sou sèn nan ansanm. Yo pa pale ankò, men ou ka wè Silya ap reflechi.

Mari rete sou sèn nan pou li di jan li pa dakò ak sa manman li te di sou zafè travay fanm, obeyi gason je fèmen, pa jwenn tan pou li jwe ak zanmi pa li.

Èd-memwa pou aktè yo:

- **Silya:** Li vreman kwè sa l ap di Mari yo, se konsèy li ap bay Mari pou byen ak avni li.
- **Pouchon:** Se yon ti gason ki genyen anpil privilèj. Li nòmal pou li gen tout dwa nan kay la sou Mari.
- **Tati Ima:** Li pale ak Silya avèk respè, men li alèz pou li di sa li panse. Li konnen Mari ap sibi enjistis akoz sitiyasyon li nan kay la.
- **Silya:** Li sezi tandem Tati Ima pa apiye sa li di. Li vreman panse se nan enterè Mari li ye lè l ap ensiste pou Mari tounen sèvant gason, men li gen anpil respè pou Tati Ima epi li koumanse pran konsyans.
- **Mari:** Lè l ap pale ak espektatè yo, li jwenn fòs li, li di sa li wè ak sa li santi nan fon kè li.

Kesyon pou brase lide:

- Kisa nou panse sou sa Silya ap di pitit fi li a?
- Kijan nou panse Mari wè tèt li nan kominate a?
- Èske Mari kapab jwi tout dwa li yo? Si wi, poukisa? Si non, poukisa?
- Èske genyen ka konsa ki konn rive nan kominate nou an? Si wi, ki konsekans sa konn genyen?
- Ki avantaj ki genyen lè yo bay tifi ak ti gason menm libète ak menm travay?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsyé aktè yo ak piblik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*.
- Esplike kouman anpil moun kenbe tifi pi kout pase ti gason nan lide pou yo pwoteje tifi yo, men sa kapab anpeche tifi yo devlope talan ak kapasite yo. Li enpòtan pou fè tifi ak ti gason konnen yo gen menm valè, epi ba yo menm libète ak menm reskonsabilite.

Faz Konsyantize - Teyat No. 2

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:
Kò fi pa machandiz, kò fi pa pou vann!

Kònsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou publik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo:

Karin	Se yon fanm	Li se manman Rebeka.
Rebeka	Se yon jèn fi	Li gen 16zan, li se ptit Karin.

Istwa:

Pandan Karin ap fè travay nan pyès akote a, Rebeka parèt, li abiye ak rad alamòd ki atire atansyon gason, epi li genyen yon bél valiz, bijou, elatriye. Men li parèt dekouraje, kè li pa kontan. Li nan telefòn ak yon zanmi. Li di zanmi an se vre li jwenn lajan nan men gason men li gen depi. Li ta prefere fè nenpòt travay pou li fè lajan olye pou li oblige aksepte yon gason li pa renmen. E sa ki pi rèd la, se pa renmen gason an renmen ou tou, se abize l ap abize ou. Lè Rebeka wè manman li, li di zanmi an "nou va fini ak koze yo apre" epi li fèmen telefòn nan.

Rebeka te pote kichòy nan kay la. Makèt ak kado pou ti frè ak ti sè li, lajan pou manman li. Li mande pou timoun yo e manman li reponn li. Apre sa, li bay manman li sa li te pote pou li a.

Karin kontan, li remèsyé Rebeka, li fè Rebeka konnen li apresye sipò li bay nan kay la. Men li tou pwofite mete lòt pwoblèm devan Rebeka.

Figi Rebeka vin tris. Manman Rebeka deplase. Rebeka tonbe kriye.

Yon zanmi rele Karin nan telefòn. Li fè li konnen genyen yon demwazèl, ptit kouzin li ki malad e yo di se SIDA li genyen. Zanmi an di Karin li pa sezi paske se gason ki te konn okipe jèn fi sa a. Li kwè fòk tout paran pran reskonsabilite pou yo pa voye ptit fi yo al chèche lajan nan lari a pou yo. Karin di li genyen yon moun ki vin kote li, li va rele li apre. Karin boulvèse, li fè gwo emosyon lè li fin tandé zanmi an.

Manman Rebeka antre sou sèn nan pou chèche yon bagay, epi li wè ptit li ap kriye. Li mande li sa li genyen. Rebeka esplike manman l jan bagay la ye vre. Li pale sou imilyasyon li pran nan men



Enjenyè a, ki genyen plizyè lòt fi epi ki konn rele fò sou li lè li pa vle fè sa Enjenyè a vle. Li di misye menm konn souflete l. Li poko konnen kote li pral jwenn lajan ankò pou kay la si li pa kontinye ak enjenyè a. Malgre li kwè Enjenyè Jwachen ta toujou vle ba li lajan paske li pa fè anyen ki ta demontre lekontrè. Men pi gwo rezon an, se paske genyen youn nan lòt fanm Jwachen yo k ap fè maji pou li kenbe misye pou kont li. E deja genyen youn nan fanm Jwachen yo ki malad.

Karin tandem, li ap reflechi. Ou wè figi li tris anpil. Li pa vle pitit li mouri, men li te byen bezwen sa pitit la pote pou ede kay la. Li pran san li, epi ou wè li fè yon gwo desizyon nan tèt li. Li ankouraje Rebeka pou li kenbe mo li e pou li pa chèche wè Jwachen ankò malgre Karin poko wè kijan li pral fè ak tout pwoblèm ki sou do li. Li di li gen kèk tan depi l ap reflechi sou nesesite ki genyen pou pitit fi li yo fè etid epi aprann metye, yon fason pou yo kapab vin otonòm olye pou yo viv sou kont gason.

Èd-memwa pou aktè yo:

- **Karin:** Nan kòmansman li kontan lajan Rebeka ba li a. Men lè li aprann pitit fi li an danje, li chanje konpòtman, e li montre Rebeka li p ap lage li, malgre ni youn ni lòt pa konnen yon lòt jan pou yo jwenn lajan si se pa nan men yon gason.
- **Rebeka:** Rebeka an konfli ak tèt li. Li konnen li p ap kontinye pran gason pou jwenn lajan ak favè, men li poko wè ki lòt jan l ap kapab jwenn lajan ak sa li bezwen nan lavi li.

Kesyon pou brase lide:

- Lè Rebeka ap eseye atire gason ak kò li, èske se renmen li renmen gason konsa ki fè li fè sa? Poukisa li fè sa?
- Èske fi konn fè bagay ak gason pou lajan oubyen favè nan kominate nou an? Si wi, ki konsekans sa genyen?
- Rebeka genyen 16zan. Ki laj tifi yo konn genyen lè gason kannay bò lakay nou kòmanse bay tifi yo ti lajan ak ti kado?
- Kijan kominate a kapab mete bouch pou anpeche granmoun gason eksplwate jèn tifi?
- Ki fason gason ka ede tifi san yo pa mete tifi yo an danje?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsye aktè yo ak publik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi empòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*.
- Esplike lè jèn fi fè bagay ann echanj lajan osa favè, sa rann yo vilnerab. Se yon vyolans sa ye. Olye fanmi yo kase fèy kouvri sa, oubyen pouse tifi yo fè sa, yo kapab mete ansanm ak kominate a pou moun sispann eksplwate kò jèn fi. Nou kapab aprann tifi empòtans etid yo ak empòtans travay, fason pou yo otonòm olye pou yo viv sou kont gason.

Faz Konsyantize - Teyat No. 3

Lide pou moun kenbe nan tèt yo apre yo fin wè pyès teyat sa a:
Fòse fi fè bagay se kadejak!

Konsèy sou jan animatè a ka kòmanse:

- Swete patisipan yo byenvini.
- Avan chak sèn, animatè a ap li wòl yo pou piblik la.
- Pale de *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*, yon jan pou ou kòmanse bay yon lide sou teyat la.

Wòl yo:

Donal	Se yon jèn gason	Li sejenòm nan fanmi kote Safira rete a.
Safira	Se yon tifi	Li se yon timoun ki genyen apeprè 10zan, li nan restavèk kay paran Donal.
Gwoup timoun nan fontèn dlo	Se plizyè timoun	Kèk timoun ki nan fontèn dlo.

Istwa:

Safira ap pwòpte atè nan mitan sèn nan pandan Donal chita sou yon chèz, yon ti jan sou kote. Donal ap gade Safira, epi l ap pale. Pawòl Donal ap di Safira pèmèt piblik la konprann Safira se yon timoun rèstavèk nan kay la, ki se kote Donal abite ak paran li yo. Misye se yon jèn tinedjè ki lekòl toujou. Frè ak sè li yo lekòl tou, men paran Donal pa voye Safira lekòl. Manmzèl genyen apeprè 10zan. Donal esplike tou sa nan sa l ap di. Li di tout lòt moun nan kay la ap prepare pou yo soti, se li menm ak Safira sèlman kap rete. Li di Safira se pou li degaje li pou li fin fè tout travay li genyen pou li fè byen vit, paske li pral bezwen manmzèl pou yon lòt bagay. Safira di li genyen anpil bagay pou li fè, li pa konnen si l ap gen tan pou lòt bagay anplis. Donal di Safira, tan pa tan, l ap oblige obeyi. Nou tande vwa lòt moun nan kay la olwen k ap di Donal: "Babay, n ap wè w pi ta". Donal di yo babay tou, epi li bay Safira lòd pou li travèse nan lòt chanm nan. Donal ak Safira soti sou sèn nan ansanm.

(NB: Jwe sa andeyò sèn nan, yon kote ki kache, pou espektatè yo pa wè aktè yo.) Nou tande Safira k ap kriye yon kriye kè chire. Nou tande Donal rele sou li, li di l fèmen bouch li pou li ka fè sa l ap fè a.

Safira ale nan fontèn dlo a, epi li kanpe yon jan apa. L ap kriye. Gwoup timoun ki nan fontèn nan ap chwi chwi, epi bay yon nouvo moun nan katye a tout detay sou Safira (li gen 10zan, li pa lekòl e tout lòt timoun nan kay la lekòl, li se yon timoun ki nan restavèk...). Safira kite yo plen vesò yo, li kanpe apa. Lè lòt moun yo ale, li koumanse plen bokit dlo a, epi li tonbe pale pou kont li.

Safira esplike kijan Donal, jenòm nan kay kote li rete a, fòse l fè bagay ak li. Li esplike jan sa te fè l mal. Safira esplike tou jan li santi li apre sa. Se pa sèlman doulè li genyen anba ti vant li men li santi lavi li fini e li ta menm vle touye tèt li. Li di tou li pa gen pèsonn pou li ta esplike sa ki pou ta pran defans li paske Donal menase l ap bat li epi fè manman li mete li deyò si li pale sa. Safira pa konnen sa pou l fè.

Èd-memwa

- **Donal:** Li se yon egzant ki montre kijan yon moun ka sèvi ak pouvwa li sou tèt yon lòt. Aktè k ap jwe wòl Donal la pa dwe egzajere sou siy awogans misye. Wòl li pa dwe parèt plis pase wòl Safira nan sèn nan, publik la pa ta dwe renmen misye. Aktè a dwe evite ankouraje publik la ri epi pran pou Donal, menm si li difisil pou anpeche sa nèt, akòz pozisyon pouvwa misye.
- **Safira:** Se li ki genyen wòl prensipal nan sèn nan. Malgre li se yon timoun rèstavèk, li pa dwe parèt mizerab nèt. Publik la dwe genyen bon santiman ak respè pou li. Sa vle di fòk li montre yon minimòm diyite nan fason li aji ak fason l ap pale, malgre li oblige montre obeyisans li devan Donal. Lè li rele dèyè sèn nan fòk tout kè espèktatè yo chire tou, ansanm ak li. Apre kadejak la, aktris la dwe montre li genyen yon ti diyite toujou, li pa lage kò li nèt. Se pou publik la santi yon endiyasyon pou kondisyon li ak sa ki rive li, san se pa pitye yo santi pou li.
- **Timoun nan fontèn dlo a:** Yo pa rete lontan sou sèn nan. Yo deplase ak bokit yo.

Kesyon pou brase lide:

- Lè Donal fòse Safira fè bagay, èske sa se kadejak?
- Poukisa Donal santi li genyen pouvwa pou li fè sa li vle ak Safira?
- Ki defans Safira genyen nan sitiyasyon sa a?
- Èske sa ki rive Safira nan istwa sa a konn rive tifi ki rete kay moun nan kominote a? Kijan?
- Èske sa ki rive Safira konn rive lòt tifi ki pa rete kay moun? Kijan? (Asire moun site lòt egzant tankou ensès, gason ki fòse mennaj yo, elatiryé pou montre kadejak kapab rive nan divès fason epi fèt sou tout kouch sosyal.)
- Jan nou te tande timoun nan fontèn dlo a t ap pale sou Safira, ki konsekans an plis sa genyen sou soufrans li?
- Kijan moun nan kominote a ka mete bouch pou chanje zafè kadejak nan kominote a?

Konsèy sou jan animatè a ka konkli:

- Remèsyé aktè yo ak publik la pou patisipasyon yo.
- Fè yon ranmase sou pwen ki te pi enpòtan yo nan deba a, epi fè yon ti rete sou *Lide pou moun kenbe nan tèt yo a*.
- Esplike lè yon moun fòse yon fi fè bagay, se kadejak sa ye. Kèk fwa poutèt yon moun gen pouvwa sou lòt, moun ki sibi kadejak kapab pè pale, epi se pou kominote a mete bouch pou sa pa kontinye rive.

TI PALE AK PARAN

Koutje sou Ti Pale Faz Konsyantize:

Genyen de (2) kalte zouti ki fèt espesyalman pou paran ak moun ki pran swen timoun nan Faz 2, 3 ak 4 (Konsyantize, Sipò, Aksyon) Kore Tifi. Se: "Ti Pale ak Paran" ak "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo". Nan Faz 2 (Konsyantize) genyen sis "Ti Pale ak Paran" ak twa "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo".

Sonje: Nan Kore Tifi, nou pa sèvi ak tèm paran fason ki estrik. Prèske tout granmoun nan sèten kominote konsidere tèt yo kòm moun ki pran swen timoun oubyen ki sèvi kòm modèl pou timoun, menm si yo pa manman oubyen papa. Moun sa yo byenvini nan konvèrsasyon sa yo—kèk kote nou ekri "moun ki pran swen timoun" yon fason pou nou pran an kont paran nan sans ki pi laj la, men tout moun sa yo (paran, moun ki pran swen timoun...) toujou konsène.

Sijè ki nan "Ti Pale ak Paran" ak "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo" genyen pwen komen antre yo, yo lye youn ak lòt. Rezon an, se pou paran ak moun ki pran swen timoun patisipe nan de Ti Pale ki gen sijè ki lye; apre sa, yo resevwa yon rezime avèk desen plis pwen ki pa detaye pou yo kapab pataje sa yo te aprann ak ptit yo plis timoun yo ap pran swen.

Kontinye sèvi ak "Ti Pale ak Paran" jan nou te fè sa nan Faz Kòmanse, avèk menm gwooup moun yo, nan menm kalte espas yo. Baze dyalòg la sou kesyon epi kite li ouvè. Si nou bezwen yon rafrechi memwa sou fason pou nou sèvi ak "Ti Pale ak Paran", gade enfòmasyon sou sa ki nan zouti pou Faz Kòmanse.

Ki lè paran kapab sèvi ak "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo"?

Apre yon paran oubyen yon moun ki pran swen timoun fin patisipe nan de (2) Ti Pale (Péegzanp: Ti Pale Faz Konsyantize # 1 ak 2), yo pare pou yo rantre lakay yo avèk kopí "Ti Pale pou Paran ak Ptit yo" sou "Kò moun, fè bagay ak fè ptit". Yo kapab itilize desen ak pwen yo—se yon rezime Ti Pale yo te patisipe yo – pou demare konvèrsasyon an avèk ptit yo, timoun yo ap pran swen nan fason ki apwopriye ak laj timoun sa yo.

Kijan aktivis kapab ede paran sèvi ak “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo”?

Pou anpil paran ak moun ki pran swen timoun, kòmanse pale sou sijè sa yo ak timoun ba yo konfizyon. Paran yo vle pou timoun yo genyen respè pou yo kòm paran, e yo vle abòde sijè yo ak timoun yo—men souvan se sijè ki nouvo pou paran yo oubyen se sijè ki egzije lòt estil komunikasyon. Desen yo la pou kapte atansyon timoun yo ak pou ede paran ki pa gen gwo nivo nan li ak ekri sonje sijè yo vle abòde ak timoun yo. Pwen yo la pou ede paran ki genyen yon sèten kapasite nan li ak ekri kenbe konvèsasyon an sou bon direksyon. Li enpòtan pou aktivis yo distribiye ase kopi ki pou pèmèt paran yo jwenn pou yo pataje ak timoun yo. Li enpòtan tou pou yo pa annik pale sou sijè yo ansanm ak paran yo, men pou yo fè je de wòl ki montre kijan konvèsasyon an kapab dewoule ak timoun yo.

Pa egzanp, yon aktivis kapab ede paran sèvi ak “Ti Pale pou Paran ak Pitit yo” apati pwosesis sa a:

1. Fè yon revizyon brèf sou 2 Ti Pale sou sijè ki sanble li te deja fè ak paran yo. Diskite sou pwen enpòtan ki te soti yo.
2. Esplike: “*Ti Pale sa a se pou paran reyalize ansanm ak pitit yo, timoun ki sou kont yo.*”
3. Anvan li kòmanse, bay chak patisipan yon kopi Ti Pale a epi bay patisipan yo tan pou gade kopi a.
4. Esplike: “*Kounye a nou pral fè yon je de wòl. Imagine nou genyen laj pitit nou. Nou kapab poze fasilitatè a kesyon nou te vle poze nan laj sa a sou sijè a, ak kesyon ou panse pitit nou ta poze.*”
5. Fè yon je de wòl, fasilite konvèsasyon an, oubyen si paran yo pare, mande youn fasilite konvèsasyon an.
6. Apre je de wòl la, li kapab mande paran yo reponn kesyon sa yo:
 - a) Kijan nou panse timoun yo pral santi yo ye akoz konvèsasyon sou sijè sa yo?
 - b) Èske nou pral santi nou alèz ase pou nou fè Ti Pale sa yo ak pitit nou?



- c) Kijan nou kapab vin pare pou nou pale ak ptit nou?
- d) Ki pi bon lè pou nou fè Ti Pale a avèk ptit nou? (Sa vle di: Kibò sa ta dwe fèt? Ki moun ki ta dwe la, oubyen ki moun pa dwe tandé?)

7. Sonje paran yo ak moun ki pran swen timoun:

- a) Nou pa bezwen fè tout Ti Pale a yon sèl kou. Chache yon bon moman, men si nou wè timoun yo pa enterese, di yo nou va pale sou sa avèk yo yon lòt lè.
 - b) Kèk nan pwen nou te diskite yo kapab pi apwopriye pou timoun ki pi gran. Nou kapab deside ki pwen ki apwopriye pou ptit nou selon laj yo, oubyen nivo konpreyansyon yo.
 - c) Poze yon kesyon epi bay timoun yo tout atansyon nou san nou pa fè yo santi yo malalèz. Kenbe repons yo ba nou nan tèt nou epi, ajoute kèk enfòmasyon pou ede yo konprann plis, si sa nesesè.
 - d) Di yo nou kwè nan yo e nou fè yo konfyans; si yo vle pale sou nenpòt sijè, nou toujou la pou koute yo e nou p ap pataje ak okenn moun sa yo di nou.
8. Si genyen ase tan, mande yon patisipan jwe wòl paran oubyen moun ki pran swen timoun, epi mande lòt yo jwe wòl ptit paran an.



Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Premye moun ki pou pale ak yon timoun sou koze fè bagay, se paran yo.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran pale ak timoun yo sou koze fè bagay, ak tout sa ki mache avèk fè bagay.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1
#

KonSYantize

1. Poukisa anpil paran pa konn pale ak timoun yo sou koze fè bagay ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Yo kapab pè, yo pa konnen kijan pou yo jere kesyon an ak timoun nan.
- Yo kapab panse, si yo pale avèk timoun nan, sa pral ankouraje timoun nan anvi fè bagay, menm si se pa vre.
- Yo kapab panse koze fè bagay se sijè ki sal. Yo wont pale sou sa.
- Gason se ti kòk. Yo pa panse yo bezwen pale sa avè l.
- Souvan paran yo pa pale koze sa youn ak lòt. Sa ka lakòz yo pè pale sa ak timoun.
- Raple sijè a : Premye moun ki pou pale ak yon timoun sou koze fè bagay, se paran yo.

2. Ki lòt koze sansib ki mache ak fè bagay, e ki konn difisil pou paran pale ak timoun yo ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Egzanp: Renmen, pati entim gason ak fi, chanjman nan kò timoun nan pandan l ap fòme (ti tête, règ, pwèl), bande, ijyèn entim, fè bagay, tonbe ansent, fè pitit, planing, enfeksyon moun pran nan fè bagay, VIH/SIDA, kapòt, tizonnay, kadejak.
- Raple sijè a : Premye moun ki pou pale ak yon timoun sou koze fè bagay, se paran yo.

3. Poukisa se paran ki dwe pale ak yon timoun sou koze fè bagay anvan nenpòt lòt moun?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan késyon sa a :

- Paran dwe premye modèl pou yon timoun, premye gid e premye referans pou pitit yo nan késyon moral ak konpòtman.
- Yon paran pa kapab kontwole tout sa pitit li ap tandem. Yon timoun fasil pou li sibi enflyans, pou li aji san li pa byen reflechi. Se devwa paran pou anpeche timoun devlope abitid ki ap mete li nan pwoblèm.
- Se opinyon ak egzanp paran yo ki pi gwo enflyans ki detèmine desizyon timoun pran nan fè bagay.
- Timoun ki pale ak paran yo sou koze fè bagay gen tandans tann plis anvan yo antre nan fè bagay, epi yo gen tandans pi reskonsab lè yo deside fè bagay. Yo genyen mwens chans pou yo pran maladi moun pran nan fè bagay, tankou VIH/SIDA epi mwens chans pou yo ansent avan lè.
- Malgre sa, kèk moun panse se pale ak yon timoun sou koze fè bagay ki pral fè li vle fè sa twò bonè. Okontré, se nan pale sou sa ak paran li, l ap aprann e l ap konnen ki konsekans sa ap genyen sou kò li, sou lavi li si li fè bagay twò bonè.
- Lè paran yo pa pale sou sa ak timoun nan, sa ap fè li pi enterese al tandem sa lòt moun ap di sou koze fè bagay. Lè sa a, li p ap di paran li sa, e li ka pa jwenn bon enfòmasyon ki awopriye pou li.
- Raple sijè a : Premye moun ki pou pale ak yon timoun sou koze fè bagay, se paran yo.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Konsvantize #2

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Nan chak laj, genyen yon bagay ou kapab di yon timoun sou kò li, ak koze fè bagay.

Nòt pou fasilitatè - Pa fose yon paran pale kont valè pa li yo sou fè bagay. Montre l'enpòtans pou l'eksplike ptit li valè pa li sou koze a, epi ouvri komunikasyon ak ptitit la pou li ka ede timoun nan pwoteje tèt li.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran pale ak timoun nan chak laj sou yon bagay apwopriye sou kò li, tankou pibète, ak koze fè bagay.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1. Kisa ou kapab pale ak yon timoun ki nan laj preskolè sou koze kò fi, kò gason, elatriye ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Ba li bon non chak pati nan kò fi ak kò gason, epi sa chak pati fè. Pa bliye rete nan esplikasyon ki apwopriye ak laj li.
- Montre timoun nan ki pati nan kò li ki pati entim, oswa pati prive li. Esplike li sa sa vle di, epi fè li konnen lòt moun pa gen dwa manyen pati sa yo nan kò li.
- Pèsonn moun pa gen dwa manyen kò li.
- Si li genyen kesyon, li kapab toujou pale avè w.
- Raple sijè a : **Nan chak laj genyen yon bagay paran ka di timoun sou kò li ak koze fè bagay.**

2. Kisa ou kapab pale ak yon timoun ki nan laj pou lekòl primè sou kò fi, kò gason, ak koze fè bagay ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan késyon sa a :

- Lè apwopriye pou ou kòmanse soti ak yon menaj.
- Ki chanjman nòmal pou kò fi ak kò gason pandan y ap grandi, epi apeprè ki lè yo kapab prevwa sa.
- Kisa règ fanm ye.
- Kisa "fè bagay" oswa "fè sèks" vle di. Esplike timoun nan ki valè ak enpòtans sa genyen pou ou, kòm paran.
- Kijan pou ou konnen si ou pare pou ou fè bagay nan nivo relasyonèl, emosyonèl, spirityèl e fizik.
- Konsekans fè bagay twò bonè.
- Pèsonn moun pa gen dwa fòse l, ni ba li presyon pou li fè bagay.
- Kijan pou ou di 'non' lè yon moun ap ba ou presyon pou ou fè bagay.
- Kisa pou yon timoun fè si yon moun eseye fòse li fè bagay.
- Ede yo konnen yo merite respè ak bon dyalòg nan yon relasyon san fòs kote.

3. Kisa ou kapab pale ak yon timoun ki nan laj pou lekòl segondè sou kò fi, kò gason, ak koze fè bagay ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan késyon sa a :

- Mande l si li gen menaj.
- Poze l késyon si ou wè l ak yon moun souvan sou kijan sa ye antre yo, epi mete l alèz pou li pale avè w.
- Pale avè l sou gwosès prekòs, epi ki konsekans sa kapab genyen sou avni li.
- Raple li sa ou konnen e sa ou kwè sou késyon fè bagay, epi mande l kisa li panse sou valè pa ou yo.
- Esplike l kisa planing ye, kisa li fè, epi kisa pou li fè si li bezwen konnen plis sou sa. Ba li esplikasyon sou maladi moun kapab pran nan fè bagay, tankou VIH/SIDA, epi kijan abstinans ak kapòt kapab ede l pwoteje tèt li.
- Esplike l enpòtans yon bon relasyon kote moun byen balanse pouvwa yo genyen ansanm san fòs kote, epi yo gen dyalòg, e yo pran desizyon ansanm.
- Raple yo, si yo genyen késyon, yo kapab toujou pale avè w.
- Raple sijè a : Nan chak laj genyen yon bagay paran ka di timoun sou kò li ak koze fè bagay.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouvwa (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •


Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouvwa ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale paran ak ptit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak ptit yo. Li pi efikas pou paran ki déjà patisipe nan Ti Pale ak paran # 1: Premye moun ki pou pale ak yon timoun sou koze fè bagay se paran yo ak Ti Pale ak paran #2: Nan chak laj, genyen yon bagay ou kapab di yon timoun sou kò li, ak koze fè bagay.

TÈM:

Kò moun,
fè bagay ak fè ptit



Èd memwa pou paran sou Tèm: Fè bagay

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple ou sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- **Mande: Kisa ou konnen sou pati ki diferan nan kò fi ak kò gason? Kisa chak pati fè?**
- Di: Moun pa gen dwa manyen kò w san ou pa vle.
- Mande: Kisa sa vle di: soti ak menaj ou?
- Mande: Kisa ou konnen sou "fè bagay" oswa "fè sèks"?
- Di: Gen yon lè, yon laj ak kèk kondisyon ki bezwen reyini pou ou fè bagay - se pa sèlman anvi a ki fè ou pare.
- Di: Okenn moun pa gen dwa fòse oubyen bay gwo presyon pou yon lòt moun fè bagay.
- Mande: Ki rezulta ki ka genyen si 2 moun fè bagay?
(Esplike kijan yon fi vin ansent, maladi moun ka pran, planing.)
- Di: Ou merite respè ak bon dyalòg, nan yon relasyon san fòs kote gen bon dyalòg ak respè.
- Mande: Èske ou konnen, si ou genyen kesyon, ou kapab toujou pale avè m?

Konsyantize

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Paran se premye modèl pou timoun nan jesyon lajan ak lòt mwayen.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran pale ak timoun yo bonè sou jesyon lajan ak lòt mwayen.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

KonSYantize #3

1. Poukisa se paran ki dwe pale ak timoun yo sou koze jesyon lajan ak lòt byen anvan nenpòt lòt moun ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Montre timoun lajan se yon bon sèvitè men se yon move mèt. Paran ta dwe montre timoun nan jere lajan. Aprann timoun nan fè ekonomi.
- Paran se premye modèl pou timoun yo, premye gid ak premye referans pou valè, prensip ak kwayans timoun yo ap genyen nan lavi yo.
- Yon paran pa kapab kontwole tout sa pitit li ap tande. Yon timoun fasil pou li sibi enfliyans, pou li aji san li pa byen reflechi. Se devwa paran pou anpeche yon timoun devlope abitid ki ta ka mete timoun nan ak paran li nan pwoblèm.
- Raple sijè a : Paran se premye moun ki pou pale ak timoun sou koze jesyon lajan.

2. Kijan nou ka travay ak yon timoun pou li kapab byen jere lajan ak lòt byen li, lè l vin gran ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Depi li kòmanse konn konte tou pitit (3 - 4tran) nou kapab koumanse pale ak yo, men sa nou di kapab varye, selon laj yo. Koze jere lajan kòmanse ak konesans sa lajan ye.

- Lè yon timoun piti ou kapab koumanse pale avè l sou kijan pou li konte, epi kijan pou li pataje lè li genyen yon bagay, men ak timoun ki yon ti jan pi gran, oswa pou yon timoun ki nan laj pou lekòl segondè, genyen anpil bagay ou kapab fè pou oryante li. Ou pa bezwen pè pale ak yo.
- Montre timoun nan kijan pou li byen etidye lekòl. Sa kapab pèmèt li jwenn lajan pi devan, gras ak kalite travay l ap ka jwenn.
- Montre sa n ap fè ak lajan kay la kapab ede yo aprann jere lajan.
- Montre valè pataj, solidarite, ak sa li konn fè ki gen valè, menm si se pa yon valè lajan. Menm si paran yo pa gen lajan, yo fè jaden pou fanmi an jwenn manje, oswa yo konn fè mèb, zouti, rad elatriye, mete yo nan kay la. Tout sa yo se richès yo ye tou, menm si se pa lajan.
- Raple sijè a : Paran se premye moun ki pou pale ak timoun sou koze jesyon lajan ak lòt byen.

3. Poukisa li enpòtan pou nou pale ak tifi yo sitou sou lajan ak lòt byen materyèl ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Genyen yon mit nan tèt kèk moun ki fè kwè fi fèt ak tout byen li. Mit sa a rann tifi yo vilnerab pou nenpòt sa moun deside fè yo.
- Lè nou pa aprann fi yo kijan pou yo jere lajan, kijan pou yo travay ak konpetans yo, se di n ap di yo pou yo viv sou kont gason. Sa rann yo ka viktim pi fasil nenpòt zak vyolans ak VIH/SIDA tou.
- Li enpòtan pou yon fi aprann rantre epi jere lajan, ak jwenn lòt konpetans ki kapab ede l genyen byen pa l, pou l pa vilnerab.
- Raple sijè a : Paran se premye moun ki pou pale ak timoun sou koze jesyon lajan.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Nan chak laj nou kapab montre timoun yon bagay sou lajan ak travay.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran pale ak timoun sou koze lajan ak travay, yon jan ki apwopriye selon laj timoun nan.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/animatriss Ti pale a: Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1.

Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj preskolè sou lajan ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Aprann yo pasyans lè yo vle yon bagay. Aprann yo pataje lè yo genyen yon bagay.
- Pa mande moun ni ba ou ni prete w lajan.
- Pa mete lajan nan bouch, pa ramnase lajan atè nan lari. Si ou wè lajan, fè paran w yo konnen.
- Esplike I kijan chak bagay nan kay la koute lajan oswa tan ak travay, pou li kapab konprann enpòtans lajan ak travay.
- Raple sijè a : Nan chak laj, nou kapab montre timoun yon bagay sou lajan ak travay.

2.

Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj pou lekòl primè sou lajan ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Pale avè I sou kisa li ta renmen fè kòm aktivite lè I grandi --doktè, kiltivatè, pwofesè, elatriye.
- Ba li ti kòb (menm si li pa anpil) pou I jere, epi ede I ouvri yon kanè nan bank pou li aprann kenbe lajan. Jere I pou li nan koumansman, epi esplike I kijan ou fè desizyon yo, epi ba li reskonsabilite pou li fè sa li menm, lè li pare.
- Di I pou li pa aksepte lajan nan men lòt moun san li pa pale ak paran li yo.
- Ede I wè tout reklam nan lari yo, epi wè ki entansyon moun k ap eseye fè I achte pwodui sa yo.
- Montre I ke zanmi I se richès. Pale avè I sou kijan li kapab wè bezwen lòt moun, epi pataje sa li genyen. Diskite avè I sou kisa ki yon bon pataj, epi kisa ki yon move pataj.

- Pou ede l konprann se pou li travay pou li antre lajan, si li ta renmen genyen yon bagay an plis ke bezwen de baz li yo, mande l fè kichòy nan kay la an plis, epi ba li yon ti kòb pou li ka achte bagay la.
- Mennen l nan mache, montre l sa ou kapab jwenn pou pi gwo pri, men ki pi bon kalite, e k ap dire pi lontan, elatriye.

3. Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj pou lekòl segondè sou lajan ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Aprann li fè diferans ant sa ki nesesè, sa ki itil (men ki pa nesesè), ak sa ki ta fè l plezi (men ki pa twò itil).
- Aprann li bati priyorite pou sa li ka posede.
- Pale avè l sou kijan pou li jere presyon lòt moun sou kisa pou li fè ak lajan li genyen.
- Pale avè l sou prensip mikwokredi, prete lajan, achte kredi, elatriye.
- Ankouraje l sèvi ak kreyativite l ak talan li pou li reyalize rèv li yo.
- Raple sijè a : Nan chak laj nou kapab montre timoun yon bagay sou lajan ak travay.

4. Nan koze lajan, kisa ki ta enpòtan sitou pou nou pale ak tifi ak jèn fi yo ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Tout tèm nou site yo bon pou ni fi ni gason.
- Li enpòtan pou nou mete yon aksan espesyal sou tifi pou yo konprann enpòtans pou yo aprann rantre pwòp lajan pa yo, paske anpil fwa moun ba yo lide yo dwe viv sou kont gason.
- Viv sou kont gason rann fi yo vilnerab pou yo sibi tout kalte vyolans, pou yo tonbe ansent twò bonè, pou yo pran maladi tou, tankou VIH/SIDA. Li enpòtan pou fi yo aprann anpil bagay--aprann lekòl, aprann sou lajan, epi aprann kalte travay ki enterese yo, pou yo kapab jwenn sa yo bezwen lè yo majè.
- Anpil fanmi rann fi yo reskonsab twò bonè pou yo pote kòb nan kay la, san yo pa oryante yo sou kijan pou yo fè l.
- Raple sijè a : Nan chak laj nou kapab montre timoun yon bagay sou lajan ak travay.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale paran ak ptit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak ptit yo. Li pi efikas pou paran ki déjà patisce nan Ti Pale ak paran #3: Paran se premye modèl pou timoun nan jesyon lajan ak lòt mwayen ak Ti Pale ak paran #4: Nan chak laj nou kapab montre timoun yon bagay sou lajan ak travay.

TÈM:

Lajan ak Travay



Èd memwa pou paran sou Tèm: Lajan ak Travay

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple ou sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Di: Se nan travay moun fè lajan yon fason onèt.
- Di: Ni fi ni gason ka fè tout kalte travay.
- Di: Li enpòtan pou ni fi ni gason konprann fason ki bon pou moun fè lajan.
- Di: Li enpòtan pou ni fi, ni gason konn kontwole lajan byen.
- Mande: Kisa ou konnen sou lajan?
- Mande: Kisa "bon zanmi se richès" vle di?
- Mande: Lè fanm fè lajan, èske y ap toujou depann sou gason pou depans pèsonèl yo?
- Mande: Ki konsekans ki genyen lè fanm depann sou gason pou depans pèsonèl yo?

Konsyantize



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Paran dwe pale ak timoun yo bonè sou koze vyolans.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran pale ak timoun yo bonè sou koze vyolans.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatriss Ti pale a : Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

1. Poukisa paran dwe pale ak timoun yo sou koze vyolans anvan nenpòt lòt moun ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Pou pwoteksyon timoun nan, pou li kapab evite yo fè vyolans sou li.
- Pou li konnen, si li sibi vyolans, li kapab pale ak paran li sou sa.
- Pou timoun nan pa fè vyolans sou lòt moun tou.
- Pou timoun nan konnen kote pou li pa kite lòt moun manyen li nan kò li, epi pou li menm pou li pa fè sa ak lòt moun tou.
- Paran se premye modèl pou timoun yo, premye gid e premye referans pou valè, prensip ak kwayans timoun yo ap genyen nan lavi yo.
- Yon paran pa kapab kontwole tout sa pitit li ap tandé. Yon timoun fasil pou li sibi enfliyans, pou li aji san li pa byen reflechi. Se devwa paran pou anpeche timoun devlope abitid ki kapab mete yo ansanm ak paran yo nan pwoblèm.
- Raple sijè a: Paran dwe pale ak timoun yo bonè sou koze vyolans.

2. Ki okazyon ki kapab bon pou ou pale ak yon timoun sou vyolans ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Lè genyen yon vyolans ki fèt nan zòn nan, epi ou konnen timoun nan okouran de sa, se yon bon moman pou ou pwofite pale sou vyolans an jeneral.
- Si ou viv yon kote ki gen "baz vòlè" epi ou konnen timoun nan wè "baz vòlè" la.
- Si gen vyolans nan medya, yon fim, elatriye, se kapab yon bon moman pou ou pale. Nòt: Li pa bon pou kite yon timoun wè vyolans. Si li posib, pwoteje l nan sans sa a, paske li ka fè l kwè vyolans se yon bagay nòmal.
- Si li bay kou, oswa si li vyolan lè li fache.
- Lè li poze kesyon ki gen rapò ak vyolans.
- Nenpòt lè.
- Raple sijè a : Paran dwe pale ak timoun yo bonè sou koze vyolans.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevyolans@gmail.com • repansepouvwa.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •

Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale ak paran

Lide pou nou kenbe nan tèt nou : Nou kapab montre yon timoun kèk bagay pou li viv san vyalans selon laj li.

Entwodiksyon : Jodi a nou pral pale sou enpòtans pou paran montre yon timoun kèk bagay sou kijan pou yo viv san vyalans, selon laj li.

Kesyon pou ou poze pou ou lanse deba a :

Nòt pou animatè/ animatris Ti pale a : Li pi bon si se nan bouch moun kap debat sijè a pwen sa yo soti, sinon se pou fasilitatè a di yo.

konsyantize #6

1

1. Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj preskolè, sou vyalans sou fanm ak tifi ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Si li wè yon vyalans, mande li kijan li santi li, epi kite li eksprime tèt li.
- Esplike l kisa ki vyalans fizik, emosyonèl, ekonomik ak seksyèl. Sèvi ak mo senp li kapab konprann.
- Fè l konnen l kapab vin pale avè w si li genyen kesyon sou vyalans.
- Pa kite timoun nan sèvi ak vyalans, sitou kont yon lòt timoun, yon chen, oswa lòt moun ki pi fèb pase l.
- Montre l pati entim nan kò l, epi di l pèsonn moun pa gen dwa manyen pati sa yo san li pa dakò. Si yon moun ta manyen yo, li dwe rele, fè eskandal pou lòt moun tande, epi vini pou li kapab di sa ki pase.
- Montre yo danje ki genyen nan zam, kouto, elatriye.
- Montre yo valè ki genyen nan aji ak respè ak lonè, epi esplike vyalans pa mache ak ni lonè ni respè.
- Rapple sijè a : **Nou kapab montre timoun kèk bagay pou yo viv san vyalans selon laj yo.**

2. Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj pou lekòl primè, sou vvolans, sitou vvolans sou fanm ak tifi ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a :

- Esplike l konsekans sa genyen, lè yon moun fè vvolans sou yon lòt.
- Esplike l valè balanse pouvwa, kenbe pouvwa san fòs kote ant fi ak gason, pou fi pa sibi vvolans ankò.
- Esplike l pwòp valè ou genyen sou koze vvolans, baton, jouman, elatriye.
- Sèvi kòm modèl pou yo swiv jan ou menm ou jere konfli, epi pale avèk yo sou sa.
- Raple sijè a : Nou kapab montre timoun kèk bagay pou yo viv san vvolans selon laj yo.

3. Kisa ou kapab montre yon timoun ki nan laj pou lekòl segondè, sou vvolans, sitou vvolans sou fanm ak tifi ?

Kèk pwen ki ta dwe soti nan kesyon sa a:

- Mande li pale sou vvolans li konn wè, epi kite l eksprime tèt li.
- Pale avè l sou balans pouvwa anndan yon koup, epi kijan yon bon relasyon ant fi ak gason ki pa gen fòs kote ta dwe ye.
- Pale avè l sou egzanz vvolans sou fanm ak tifi, epi kisa pou li fè si li wè, oswa li konnen yon moun k ap viv avèk vvolans.
- (Sitou pou fi) Montre l kisa pou l fè si yon moun eseye ba li presyon pou l fè bagay, oswa fòse l fè bagay.
- (Sitou pou gason) Montre l kijan pou l respekte fi epi balanse pouvwa li ansanm avèk pouvwa fi.
- Envite l pale avè w nepòt lè li genyen kesyon, epi di l menm si ou pa konnen repons la ou kapab chèche repons la pou li.
- Raple sijè a : Nou kapab montre yon timoun kèk bagay pou li viv san vvolans selon laj li.

Dènye mo pou fèmen deba a :

Mèsi pou ti pale sa a ki fèt antre nou. Ak ki lòt moun nou panse nou ka pale sou koze sa a ?



Si w bezwen plis ransèyman, kontakte nou :

Repanse Pouwva (509) 3617 1815 • annanpechevolans@gmail.com • repansepouwva.org • Beyond Borders • www.beyondborders.net •


Reyalizasyon : Ekip Repanse Pouwva ak atis Chevelin Pierre

Ti Pale paran ak pitit

Gid sa a se pou ede paran fè dyalòg ak pitit yo. Li pi efikas pou paran ki deja patisipe nan Ti Pale ak paran # 5: Paran dwe pale ak timoun yo bonè sou koze vyolans ak Ti Pale ak paran #6: Nou kapab montre yon timoun kèk bagay pou li viv san vyolans selon laj li.

TÈM:

Viv san vyolans



Èd memwa pou paran sou Tèm: Viv san vyolans

Deside sa w ap di selon laj timoun nan, epi raple ou sa ou te aprann nan ti pale ou te asiste yo.

- Mande: Kisa "vyolans" ye?
- Mande: Èske ou deja wè zak vyolans?
- Mande: Poukisa vyolans pa dwe ladan n?
- Mande: Kisa ki rive lè genyen vyolans? Kisa ki rive lè pa gen vyolans?
- Mande: Kijan nou kapab rezoud pwoblèm nou yo san vyolans lè nou pa dakò youn ak lòt?
- Di: Si ou wè vyolans, oswa yon moun fè vyolans sou ou, ou kapab pale avè m.

Konsyantize